

# Laj Legliz Esmin Lan

60-1206

Branham Tabernacle, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Papa ki pi Glorye, nou tèlman kontan aswè a pou nou konnen ke nou gen Lavi imòtèl nan èt nou yo. Lavi Bondye nou an te separe pa lang dife epi te depoze sou chak nan yo, epi yo tout te ranpli avèk Sentespri a epi yo kòmanse pale an lang jan Lespri a te ba yo lapawòl. O Papa, konbyen nou remèsyé Ou paske Ou te divize tèt Ou nan mitan Legliz la. Se pa etonan Seyè nou an te di: "Jou sa a nou va konnen ke Mwen nan Papa a, e Papa a nan Mwen, Mwen nan nou, epi nou nan Mwen." Konbyen Bondye nan syèl la rete nan mitan pèp Li a! "Yon ti tan ankò e mond lan p ap wè M ankò, men nou va wè M, paske mwen va avèk nou, menm nan nou jouk lafendimonn." Desann atravè chak laj legliz Ou ta dwe isit la, menm jan ayè, jodi a, ak pou tout tan, epi nou ta konnen Ou pa travay yo ke Ou fè. "Siy sa yo va swiv moun ki kwè."

2 Seyè, nou wè—nou wè pwen ki pi wo nan tout laj yo, tan an ap fikse pou I fini epi Letènite ap pran plas. Papa Bondye, nou kontan anpil pou nou konnen n ap viv pam rès sa a jodi a; n ap veye lavi nou epi n ap gade ki kalite objektif nou genyen, motif nou genyen, epi nou wè ke Sentespri a pran kontwòl. Bondye, se pou chak moun ki nan Prezans Divin aswè a reyalize laj legliz sa yo ke n ap viv ladan yo a epi kouri vini rapid nan Seyè Jezi a, paske li klèman ekri, ke "Non Seyè a se yon gwo fò won, jis la kouri nan Li epi li an sekirite."

3 O Bondye, vini aswè a epi wenn èt nou, Seyè. Mennen egare yo tounen, O Seyè, ki sitèlman konfi; gade pòv mouton yo, Seyè, yo pa konnen kisa pou yo kwè; gen bèje k ap rele yo tout kote. Nou priye, Papa, pou yo tandé gran Bèje twoupo sa a, Seyè Jezi, gran Lespri I la pale aswè a, Li di: "Ptit Mwen, vin jwenn Mwen e M ap ba ou Saba a, Repo a ki sele w nan destinasyon Etènèl ou an." Pa pou balote sou tè a kòm nou wè tan an ap kouri kounye a. Akòde li, Papa. Pale atravè oratè a, koute atravè zòrèy moun ki tandé, paske nou tout ap tandé. Nan non Jezi nou priye. Amèn. Nou mèt chita.

4 Kounye a, aswè a n ap etidye dezyèm laj legliz la. Mwen wè anpil nan yo ap pran nòt ak bagay sa yo, e se rezon sa a mwen vle fè sa klè chak fwa.

5 Kounye a, dezyèm laj legliz la te rele laj legliz Esmin lan. Epi li te pran plas, Laj Esmin lan, te kòmanse nan menm tan Laj Efèz la te fini. Laj Efèz la te etann li nan lane 55 Lè Kretyèn jouk nan lane 170 Lè Kretyèn. Laj Esmin lan vini nan lane 170 epi li fini nan lane 312. Legliz sa a se yon legliz ki pèsekite; sila ki pote kouwòn mati a, se yon legliz tribilasyon. Epi pwomès Bondye a pou li, pou Legliz eli ki ladan I lan, se te pou ba li yon kouwòn Lavi.

6 Chak legliz te gen yon *etwa/* ki te kenbe nan men Bondye, ki te reprezante “mesaje a” pou laj legliz sa a. Omye ke m te ka panse mesaje nan laj legliz Efèz la (paske Bib la pa di kiyès yo ye) se te Pòl; paske li te etabli legliz Efèz la e li te pastè laj legliz sa a; ki te pote Limyè a nan Legliz la, kote Sen Jan te pran I lan men I apre sa. Epi, Polycarp, et sa ki swiv...Polycarp, pito, ak sa ki swiv yo.

7 Kounye a, Laj Esmin, mwen kwè ak tout...ke mwen te kapab jwenn, se te Irene. E kounye a mwen vle ba ou rezon an poukisa ke mwen te chwazi Irene olye de Polycarp. Kounye a, pifò nan klèje a vle panse (ak pwofesè La Bib yo) ke zanj sa a te Polycarp. Polycarp se te yon disip Sen Jan, se vre. Epi Polycarp te sele...li—li te yon mati, yo te pwayade I nan kè epi yo te touye I. Bon, men li te yon gran òm, yon nonm remakab, yon nonm pye, dous. Pa gen dout se youn nan pi gran kretyen yo nou te janm genyen. E pa t gen anyen ou te ka di kont lavi li.

8 Rezon ki fè mwen te chwazi Irene: paske mwen kwè ke Irene te pi pwòch Lekriti pase Polycarp te ye. Paske Polycarp te on jan apiye lide Women an pou mete kanpe yon òganizasyon. E—e Irene te byen fèm kont li, li te absoliman denonse I. Epi, kòm nou tout konnen, gwo pwoblèm lan te vini nan Konsil Nise; youn nan gwo pwoblèm yo te si wi ou non Bondye te *twa* oswa Bondye te *yon sèl*. E Irene te pran pozisyon ke Bondye te Bondye, kounye a, jis Yon sèl.

9 Mwen ta ka li nan *Pè Anvan Nise Yo*, volim youn, paj 412, jis yon ti sitasyon; si ou vle pran nòt sou sa, volim youn nan *Pè Anvan Nise Yo*. Epi nan paj douz, epi se nan... Si ou te vle volim lan, se nan dènye pati nan volim twa a. Ou ta ka li tout bagay la; gen plizyè chapit ladann, oswa plizyè fraz. Kounye a, mwen kòmanse li drèt nan dènye—drèt nan ven dènye, trant vèsè yo sou sa. Mwen pa pral li tout, men jis yon pati ladann:

“Tout lòt ekspresyon yo menm jan yo te...te fè resòti tit yon sèl ak menm Moun lan;” (Ou wè, li t ap eseye di ki sa yo te rele L, ‘Papa, Pitit, ak Sentespri,’ epi li te di: “Sa se *tit*, pa non, tit pou Yon sèl Moun lan.” Se egzakteman sa nou anseye ankò jodi a.) “kòm, pa egzanp” (epi ant parantèz) “(an Angle), *Seyè Pwisan an, Seyè a ki Papa tout moun, Bondye Toupwisan an, Trè Wo a, Kreyatè, Batisè a*, ak sa ki menm jan an. Sa yo se pa non ak tit yon siksesyon de diferan moun, men de yon sèl ak menm moun lan tou, “(Amèn!)” “Nan non yon sèl Bondye a, Papa, se...Li—Li menm ki tout bagay sa yo...bay tout moun...egzistans, benediksyon tout egzistans.”

10 Irene di ke “Tout tit sa yo rezime nan yon sèl Non, anba yon sèl Bondye, epi yo se tit sèlman de sa li te ye.” Li te Woz nan Sharon an. Se sa Li te ye. Sa se yon tit. Li te Etwal di Maten an. Li te Alfa. Li te Omega. Se tit sa Li te ye. Li te Papa. Li te Pitit. Li te Sentespri. Men gen yon sèl Bondye. Yon sèl Bondye, e Non Li se Youn. Epi se youn nan rezon ke mwen te panse Irene te kòrèk nan—nan dyagnostik li isit la, oswa entèpretasyon Lekriti a.

11 Yon lòt bagay ke mwen ta renmen li pou ou, nou jwenn li nan liv: *Kijan Sa Te Rive?* E sa se pa istoryen yo. E, *Kòman Sa Te Rive?* pa R.C. Hazeltine, istwa legliz primitiv yo. E isit la nan paj 180: “Don Espirityèl yo Nan Tan Irene, lane 177 Lè Kretyèn a lane 202.” Kounye a, rezon ki fè mwen site sa a, li pral sou kasèt, ou wè, epi—epi li pral mete sou liv:

“Se te nan tan Irene ke pi fò nan legliz Apostolik an Frans te gen tout don Sentespri a.” Sa te fè pati de ansèyman li, ou wè. “Manm legliz Irene yo nan Lyon,” sa se Lyon, an Frans, “te pale an lang. Li pa t inabilityèl pou wè yon moun mouri resisite. Gerizon te — gerizon te yon evenman chak jou nan tout evanjelik...legliz evanjelik yo toupatou.” Irene sa a te konnen kijan pou anseye! “Mirak yo te rive souvan. An reyalite, legliz sa yo pa t janm pa gen yon manifestasyon mirak nan prezans Bondye swa pa vizyon, sispansyon eleman nati yo, nan yon mirak, pou raple Kretyen evanjelik yo nan jou sa a, yo te disip Li renmen anpil yo. Men nan istwa ki pase yo, nou pa ka ranmase yon sèl egzanp kote mò mouri te resisite nan premye legliz Women an.”

12 Se moun ki pa...pa enterese nan pran pati, yo jis di verite a. Se istoryen yo ye.

13 Se poutèt sa mwen panse Irene, paske, ou wè, li te gen menm lafwa ke Pòl ak disip yo te genyen an. Se poutèt sa mwen gen...mwen kwè ke li te zanj legliz Esmin lan, paske li te...li

te gen menm ansèyman Eskriptirè yo; e menm ansèyman Eskriptirè yo baze sou Pawòl Bondye a ap pwodui menm bagay la chak fwa. Si ou vle pran tou senpleman fòmil Bondye a epi obsève l alalèt, pe enpòt sa legliz yo di, jis swiv li jis fason li di a, li va pwodui menm bagay la. E se sa Irene te fè.

14 Kounye a, mwen panse ke Polycarp te yon bon moun, ou konprann; men mwen di ke li te gen twòp panchan pou òganize legliz la, e tankou Nikolayit yo t ap fè a. Yo t ap òganize legliz la, epi—epi pote yon fratènité ansanm. Ki sanble bon entelektyèlman, men, ou wè, Lespri sitèlman byen Iwen devan entelektyèl la jouk la...ou pa menm ka panse menm jan ak—ak Lespri. Men sa Bondye di: "Panse M yo pi wo pase panse w yo." "Fason pa M yo pi wo pase fason pa w yo." Alò gen yon sèl fason pou fè sa; jis swiv Li dapre plan an. Se vre.

15 Kounye a, nou ta ka panse, si ou ta pral soti isit la...Si mwen te pral Chicago aswè a, mwen ta ka soti isit la epi jwenn yon konpa, epi di : "Kounye a annou wè, Chicago sitiye nan direksyon sa. Oke, m prale touswit." Mwen pa t ap soti nan Jeffersonville. Ou wè? Mwen dwe genyen yon kat woutyè. Epi gen—gen yon distans...yon chimen trase pou ke m ale Chicago nan sis oswa sèt èdtan vwayaj nan otomobil, men mwen pa ka jis pran nenpòt chimen. Avyon an jis pa ka pran nenpòt chimen; li gen yon—yon liy anlè a oswa yon sèten wotè ak bagay pou ke l vole, nan sèten degré ke li dwe rete.

16 Gen yon chimen ki trase, e Bondye gen yon chimen. Bondye gen chimen an pou Legliz Li a, pou pèp Li a. E Li pa t janm te gen entansyon Sa pou li kontwole pa pap, kardino, monseyè, oswa sipèvizè jeneral. Sentespri a se Titè Legliz Bondye vivan an, pou elve Li. E tout sentete a pa al jwenn yon kadinal oswa yon prêt, pou fè l yon nonm sen nan—nan legliz la, anyen. Layik yo gen menm dwa...otan dwa nan Sentespri a tankou nenpòt predikatè, pastè, dyak, administratè, kèlkeswa sa li ye a. Layik!

17 E rezon kifè yo rele l Nikolayit yo...Kòm nou te wè yè swa, Nikolayit, nou te eksplike mo a e nou te pran l nan Grèk la. Epi N-i-c-k-o, te vle di...*Nicko*, ki vle di "Konkeri, oswa ranvèse." Kisa? N-i-c-k-o, Nikolayit, *layik*. "Konkeri layik la," epi ranvèse li antan li mete li anba lòd lèzòm, yon klèje k ap anseye yo epi ta...yo ta gen pwòp konklizyon yo ansanm. Se konsa Konsil Nise a te fèt. Paske anpil te rankontre ansanm epi yo te etabli yon lòd nan Konsil Nise a. Nou pa...pa vle pale twòp sou li, paske sa se pou jedi swa, nan Konsil Nise a.

18 Men se la ke Legliz Katolik Women an te fòme, a pati de yon gwoup moun ki te konvèti ak Saint Paul, ak Irene, ak Saint Martin, e latriye. Yo te kretyen konvèti ki ... soti nan paganis pou vin nan Krisyanis, men yo te vle fè legliz la tounen nan fòm ministè Ansyen Testaman an, tankou gen gran prêt, ak-ak siksesyon apostolik, tankou pase de yon Pap a yon lòt Pap, a yon lòt Pap. Si nou te kab kontinye pase a travè Bib sa a, ou ta jwenn ke sa se jis egzakteman la verite ki jan Bondye kondane bagay la depi I te fèk konmanse; epi laj legliz yè swa a, Li te di, "M rayi !!" e menm jan ak Legliz la tou.

19 Bondye pa janm te gen nan entansyonl pou ke se lèzòm ki dirije legliz la. Bondye dirije legliz li a, epi li dirije I a travè don Lespri yo. Don Lespri yo nan Legliz se pou korije lespri a. Li te gen senk ministè nan legliz li. Premye a se apot, oswa misyonè. Misyonè se pi gwo apèl ki genyen, apot. Mo misyonè a vle di "yon avoye"; apot vle di "yon avoye." Poukisa yo te janm chwazi pou rele yo misyonè, m pa konnen. Men yo se apòt. Se sa. Apot, pwofèt, doktè, evanjelis, pastè. Bon, se ministè Bondye chwazi pou Legliz li a.

20 Apre sa nan chak, legliz lokal gen nèf don espirityèl ki vin nan mitan pèp la, ki se, konesans, sajès, don gerizon, fè mirak, pale an lang, entèpretasyon lang. Epi tout bagay sa yo se pou chak legliz lokal. Epi chak moun nan legliz la gen yon ministè endividyèl, e ministè endividyèl sa a ale ansanm ak rès ministè a, pou edifye Kò Jezikri a. E pa janm ...

21 Kounye a, sonje sa, isit la se ... M ap trase liy sa yo aswè a. Premye legliz la, Efèz; Esmin, Pègam, Tyati, Sad, Filadelfi, Lawodise. Koulye a, sonje alòs ke sa ap kontinye, legliz sa a te gen plenitud Lespri a, men nan fen laj legliz la nou jwenn ke yo tap bourade I. Pwochen laj legliz la bouskile yon ti kras plis; ti kras plis; jouk saa limenm, te jis yon ti kras pousyè. "Ou gen kèk ti bagay," Li te di. Ooo, lè nou rive nan laj legliz Tiati sa a!

22 Kounye a, apre ke sa rive, Bondye yoye yon Alman ki rele Martin Luther ki te lanse Legliz la ankò. Li te kòmanse pe a pe, li t'ap preche sou Jistifikasyon; Vin rankontre ak Martin Luther, ki tap preche sou jistifikasyon. Vin jwen ak John Wesley kap preche sou sanktififikasiyon. Lè sa a, nan moman laj legliz sa a, yo retounen la menm ak Batèm Sentespri a ankò, avèk menm siy ak mirak yo, kap desann. Men ki kotel pase a travè kenz san lane aj tenèb la. Epi se te la a nou te gen peryòd laj ki pi sonb.. oswa pi long nan laj legliz yo. Ki donk men ki kote sa ta pral kòmanse, Jistifikasyon, Sanktififikasiyon, Batèm Sentespri a. Epi Bib la te di konsa, "Nan

fen laj sa a, ti minorite pral oprese paske menm legliz Pannkòt pral kòmanse fè menm bagay ke yo te kòmanse fè sou, Nicolayit yo." (O Bondye, kite m 'kenbe bouch mwen fèmen jiskaske m rive la.) Ou wè? Kisa m ka wè la a. Gade, jiskaske ou ka wè la a. Apre sa, mwen pral montre w ke mesaje laj legliz sa a pral rayi denominasyon yo. Lespri pral tonbe sou timoun yo. Se te toujou konsa. Epi koulye a nou te gen yon ...

23 Koulye a, si w ka remake sa a, ki jan Li te enpòtan isit la, li te sòti, epi li te finalman toufe L pandan tout pakou a. Epi Li kòmanse tounen. Luther rale I tounen, Jistifikasyon; Sanktifikasyon; Batèm Sentespri a; e apre tout nan fen tan an, li toufe I jis la, jiskaske Sa te fin prèske mouri nèt, gen jis yon vyek ti kras laa, e se lè a li pouse kri sa a "Si li pa koupe travay la kout poutèt eli yo, pa gen moun kap sove." ou wè? Se laa nou ye, nan fen tan an menm. Bon kenbe sa nan tèt ou.

24 Koulye a, nou pral kòmanse ak laj Legliz Esmin sa a. Premyèman mwen vle dekonpoze I la a sou kèk papye ke M-ke M genyen. Ebyen dezyèm laj legliz la se Esmin, e M kwè ke nou tout pral dakò avè m '(oswa M espere ke nou pral fèl, oswa mwatye nan nou, kanmèm) ke Irene te zetwal pou laj legliz saa. Li te mesaje Bondye a akoz kel te souke peyi a, nan peyi Lafrans (golwa), anba laa, epi I etabli yon bann legliz, e chak ladan yo te etabli sou batèm Sentespri a, pale an lang, resisite mò yo, gerizon malad yo, rete lapli, e fè mirak chak jou. Yo te konnen ke Bondye vivan an te rete nan mitan pèp la. Se te sèvitè Bondye a, 'paske Jezi di: "Pèsonn pa ka fè..." Oswa,-moun te di: "Pèsonn pa ka fè zèv sa yo eksepte si Bondye avè I." Se Nikodèm ki te di Jezi sa.

25 Kounye a, yon debouche komèsyal pou Lidya e pou Lwès; Twazyèm pi gwo vil nan pwovens Lazi, yon gwo vil ki gen pò. Yo te konnen I pou richès, tanp yo, biling yo, lekòl yo, medikaman ak syans. Jwif yo te rete nan Esmin, e yo te evanjelize moun Esmin yo. Polycarp te premye evèk nan Esmin. Polikarp ak lòt sèvitè fidèl te etabli lafwa pwofon nan Bondye nan kwayan Esmin yo. Legliz papa ki te la anvan yo bay egzòtasyon sou la verite nan Esmin.

26 Legliz aj Esmin lan, non legliz la te Esmin, Esmin, pito, ki vle di "amètim," lami. Yo asosye I ak lanmò, paske yo te mouri.

27 Yon legliz ki pèsekite, Bondye rele yo "pèsekite". Bondye gade pèsekisyón yo, e I bayo favè I pou yo sipote I. Li gade tribilasyon I yo, li ba yo viktwa sou lanmò. Gade povwete yo,

epi ba yo richèς nan li. Legliz Esmin la pase a travè founèz adan tribilasyon yo, men l te gen bon gou e santi bon pou li. Sa a se Rès la kounye a, se pa tout legliz Esmin la; jis Rès ke map pale a. Dis gran jou tribilasyon sa yo vle di "dis lane nan pèsekisyon ak san koule."

28 M pa konnen si m ta dwe eple non sa a, oswa pwononse li, ou pa. Se te anperè a nan tan sa a, mwen kwè li te pi sanginen pami yo tout depi sou Neron nan lane 67, D-i-o-k-l-e-s-y-e-n. Pandan lane 303 a 312 Lè Kretyèn.

29 Bondye egzòte Esmin pou l rete fidèl jiska lanmò, menm jan t le ye a, "Epi map baw kouwòn lavi a, menm jan Papa a ban mwenn lan." Bondye te pwomèt sila ki pote viktwa (nan tribilasyon yo) viktwa sou dezyèm lanmò a, "pa pè sa yo ki ka touye kò a, men sa ki ka detwi nanm lan, oswa, touye nanm lan." Li ... moun Esmin yo te dwe kenbe fèm jouk nan fen an, "piga w pè mesye, e w va gen kouwòn lavi a." Pèsekisyon Kretyente nan laj yo se tip laj legliz yo, nan Esmin, yo trè enpòtan. Nou ta vle rive sou li jis nan yon ti moman, si Seyè a vle.

30 Koulye a, si gen nan nou ki manke kèk bagay pandan kenan ... si m ekri yo yon ti kras twò vit pou rès klas la, ebyen, nap ... nou ... ou ka sètènman jwenn yo nan men nou nenpòt ki lè nou vle, nap byen kontan baw yo yo. (Eskize m.)

31 Koulye a, nan dezyèm chapit la epi vèsè wuit, nap kòmanse aswè a. Bon, sou kisa nou te kite l yè swa? Li te sètènman ... rayi Nicolayit yo . Eske se vre? Epi, kisa Bondye fè? Ki sa nou dwe jwenn an premye? Revelasyon Jezi kris la, kiyès li ye e kisa li ye. Koulye a, prochen gwo bagay, ke nou jwenn sè ke li rayi nenpòt bagay kap mete nenpòt sal ye a pou dirije Legliz li sof limenm. Li se yon Bondye jalou.

32 M ta byen renmen kanpe laa, ' paske nou jis te gen kat vèsè laa, map sèlman site yon ti bagay. Konbyen ki ka raple yo lè bon pwofèt, Samyèl, kan tout pèp Izrayèl la te vle aji tankou rès mond lan? Eske w raplew de sa? Pwofèt la te di yo: Nou nan erè wi. Men, yo te vle aji tankou Filisten yo, epi tankou-tout lòt yo. Ebyen, se egzakteman sak te pase nan tou premye laj legliz sa a. Se etranj ke gen moun ki pa vle Bondye dirije yo. Yo vle swiv ... yo vle kèk nomm. Izrayèl, te fè pi gwo erè li pat janm fè, lè ... Lagras te deja founi yo yon pwofèt, yon lidè, founi ayo kòm yon ekspsyasyon, e founi yo manje ki soti nan syèl la, ak tout bon bagay ke lagras te founi yo, e ankò, nan Egzòd 19, yo te vle yon lwa. Yo te vle fè doktè an divinite, epi pou yo gen kèk nomm, yo te vle gen yon bagay pou fè ladann, tou.

33 Lòm toujou ap eseye montre ke yo pi entelijan pase menm Kreatè a ki te fè l ', epi li pat fè lòt bagay ke touye tèt li. Tankou kèk dimanch de sa mwen te preche sou -Relijyon ibrid. Epi se egzakteman sa. Lèw kwaze yon bagay, li pap janm ka ... se fini! Se fini. li pa ka retounen ankò. Yon milèt pa janm ka kwaze ankò epi bay yon lòt milèt, paske li-li se yon milèt, li se yon ibrid. Mayi fen, ou pa ka kiltive mayi fen apati de mayi ibrid. Li pap menm ... Li ka leve, men li – se,- Oo, li pa bon ditou. Ou pa ka fè li. Nenpòt bagay ki ibrid pa bon.

34 Epi yon relijon ibrid pa bon! Osi lontan ke w ap eseye ajoute yon bagay a sa Bondye di, oswa fè yon bagay ke Bondye pa vle w fè, se yon relijon ibrid. Li ta ka parèt bèl. Oo, mayi ibrid la depase mayi natirèl la. Yon vye milèt ap travay pi fò ke de chwal. Oke, sa a ... Li pap mache, frè, nou sove pa gras. "Se pa nan fè zèv ke nou sove, men pa gras Bondye." Konsa m ta ... M espere ke w pa ke remak sa yo ... Sa mete w anba yon presyon, epi M-M santi I kote mye laa. Ou wè? Paske gen Presbiteryen, Metodist, ak tout kalite moun isit la. Nou konn sa. Ki donk, M-M santi I. Epi w detann ou yon ti kras yon fwa de tanzantan, debarase w de sa, konsa.

35 Kounye a, tandé. Nenpòt bagay ki ibrid pa bon. Ou dwe pran orijinal la, fason Bondye te fè l la, Lè sa a, ou ta gen yon bagay ki reyèl.

36 Kounye a, nou jwenn lè sa a ke legliz Izrayèl la, pandan yo t ap mache, Bondye te ba yo manje, li te pran swen yo, el te fè tout bagay pou yo. Epi finalman yo tap gade sou Filisten yo, ak Amoreyen yo, ak ... ak diferan lòt yo, yo te di, "Nou vle yon wa! Yo gen yon bagay ke nou pa genyen. "

37 Se menm bagay la moun fè jodi a. Youn nan yo, se sè nou yo, kap gade nan televizyon pou wè Gloria Swanson, oswa nenpòt moun li ye a ... kèk nan fi sa yo ak yon jan de rad sou yo, epi yo jis pa ka ret trankil jouk yo gen youn tou. Gade? Ou wè kèk fi anba lavil la, "Oo, se pa enteresan sa?" Pouki fèw sousi pou sa lap met sou li? Moun sa yo, yo jis jan yo ye a, M te di ke se tan imitasyon, yon moun vle imite lòt la. Ou pran I ... Gen si tèlman anpil Elvis Presley

a kounye a, M-M di w, ou pa anpile yo nan yon pak tren, paske li vin popilè nan imitasyon...chanèl!

38 Nou gen menm bagay la nan la reliyon. ... Mwen tap li istwa Martin Luther, epi nenpòt nan noumenm istoryen yo konnen. Yo di ke se pa yon bagay misterye ke Luther te kapab pwoteste kont legliz Katolik la epil pat gen pwoblèm, men pi gwo mistè, ke li te kapab kenbe tèt li pi wo pase tout fanaticism ki te swiv revey li a epi poul toujou rete ak Pawòl la. Sa a se mirak la, ki jan Bondye kenbe l 'klè epi dwat.

39 Bon, kifè yal kot Samyèl sa a. Yo di, "bann yon pro- ... oswa bann nou yon-yon wa." Epi Senyè a te di I ke I rejte lide sa a, jis egzakteman sa I rejte laa ak òganizasyon.

40 Menm jan Li te rejte sa, Li rejte òganizasyon yo. Li pa rejte òganis, men òganizasyon. òganis, nou dwe gen sa. Men, òganizasyon nou pa bezwen gen sa, paske li trase liy: "Noumenm se konsa-epi-konsa." Èske w se kretyen? "M se yon Methodist." Èske w se kretyen? "M se yon Batis." Sa pa vle di anyen plis ke yon kochon nan yon pak. Sa pa gen anyen pou I wè ak sa, anyen ditou. Ak Yon kretyen!

41 Yon jou swa, mwen te mande yon jèn fi sou platfòm nan, "Èske w se yon kretyen?" Li te di, "Kisa, m vle fèw konprann, mwen boule yon chandèl chak swa." Kòm si sa te gen yon bagay pou I wè ak Kretyente!

42 Yon lòt nonm te di: "Bon, M se yon Ameriken. Se sèten !" Ebyen, sa a pa gen anyen poul fè ak sa, anyen menm. Ou se yon kretyen paskew fè pati yon lòt Wayòm. Se vre. Epi w-ou nan yon lòt Wayòm, ki anwo a.

43 Kounyeya, kisa Samyèl te fè? Egzakteman menm bagay ke Bondye te fè isit la laa. Samyèl reyini pèp Izrayèl la, li di yo: -tande non. Mwen vle mande nou yon bagay. Èske sa te rive yon sèl fwa ke m te janm di nou yon bagay ki pat vre? " Li te di, "M — M se pwofèt Bondye nan mitan nou. Dim yon fwa kote M te janm di nou yon bagay nan non Seyè a ki pa rive. " Se sa Samyèl te di yo. Li di yo: Epi eske Bondye pa ban nou manje, epi okipel de nou, e te fè tout bagay sa yo? Li te di, "Nap fè peche nan eseye aji tankou lòt nasyon yo." "Oo ..." yo te di.

44 Li di yo: Mwen vle mande nou yon lòt bagay. Eske m te janm pran lajan nan men nou? Èske mwen te janm sipliye nou pou yon ofrann? Oubyen èske m te janm di nou yon bagay nan non Seyè a ki pat rive? " Yo di: "Non. Ou pat janm pran lajan nou, se vre. Epi ou pat janm

di nou anyen nan non Seyè a ki pat rive. " Li te di, "Alò, tandé m ! Nap peche nan eseye aji tankou lòt moun sa yo. " Men, yo te vle yon wa de tout fason! Kèlkeswa I te bon oswa I te mal, yo-yo te vle ale de lavan ak lide yo a.

45 Se menm bagay legliz la te fè la menm nan lavil Efèz, yo te pran doktrin Nikolayit la. Men, lè yo te fè I, li te pouse yo antre direkteman nan konvèti nan paganis ansanm ak Krisyanis e se sa ki te lakòz kenz san lane Laj tenèb la. Epi, lè Luther rale yo soti, si (nan dezyèm tou an) Literyens yo pa t 'fè menm bagay ke yo te fè nan tan Efèz la! Egzakteman.

46 Koulye a, si w ka remake, chandelye a pa t dispoze toutafè konsa. Yo te kòmanse pa desann nan fason saa epi yo monte. Bon, sak pi wo aleka de kotel te kanpe a se te sila anwo isit la. Epi Kretyente a tap toufe pe a pe menm jan kel te pase de kotel te kanpe nan fòm kwa a tankou nou ta wè I nan katryèm chapit la; nan fòm yon kwa tankou saa. E saa se men dwat li, saa te men gòch li. Koulye a, tou pre la a, Li te gen men I 'sou legliz sa a epi sou legliz sa a. Li te toulède Alpha e Omega ak, epi sètènman, tout sa te ant de lòt yo, tout lòt lèt yo. Men, Li te espesyalman di, "Alfa e Omega." Li te gen yon lakansyèl sou tèt li, ki te alyans li.

47 Koulye a, si w remake, limyè Lapannkòt la, kote I te kòmanse, etenn piti piti. Mesye sa yo, Irene, Polikap, tout rès yo sele temwayaj yo ak san yo, jiskaske li finalman kwense Kretyente an lan jou ki pi sonb yo.

48 Koulye a gade, premye laj la lòt bò gwo bòs sa a, te gen yon ti limyè ki te kòmanse parèt, plis ankò, apre plis limmyè ankò. Gad ki jan L kòmanse klere ankò, ap rive nan jou sa a. Epi, koulye a nan fen laj sa a, li te predi ke tap vin gen yon Lawodiseyen, youn ki "tyèd." Koulye a, men I rive. Kifè, si bagay sa a mennen yo laa, poukisa nou ta renmen genyen I Pannkòtis la ?

49 Epi nou konnen Bib la te di, "Pral gen yon bêt." E nou konnen ke se Ròm papal la. Se egzakteman sa. E apre, yo pral fòme yon imaj a bêt saa. Kisa yon imaj ye? Yon bagay ki fèt tankou I. E se konfederasyon legliz yo, epi Pannkotis ladan I. Li pral rive yon tan kotew pral swa fè pati yon òganizasyon oswa ou pap ka kite pòt ou louvri. Ebyen, gade si se pa vre! Se rezon ki fè nou pile I poul mouri. Wi mesye. Ou pa kapab ... sak pi grav la, yo pral tèlman eseye kwense w, jiskaske yo eseye ... pap kitew achte oswa vann sof si ou te gen mak òganizasyon an sou wou. Lap mennen w ladann dirèk.

50 Jis Egzateman tankou nan tan sa a, yo boule yo, yo ... M te kanpe la nan arènn sa a; M te kriye tankou yon ti bebe lè mwen tap gade kote gladyatè yo tap aji nan vye arènn saa. E — epi map gade bagay sa yo, lè m konnen ke anpil nan frè kretyen m yo ke lyon yo te manje — epi te dechire anpyès atè a laa, epi fanm ak timoun piti ak tout bagay sa yo. Apre sa, m te panse, si yo tout te tonbe nan lafwa, eske m ta dwe abandone yo kounye a? Non, mesye, frè m! Oh Bondye, kite m kanpe pou lafwa ki te ofri yon fwa a pèp Bondye a! Menm Bagay sa a, pe enpòt kouman I pa popilè ...

51 Yon moun te toujou vle di, " Oke, ..." Sa pa gen lontan Yon moun te di ... O! Konbyen gwo minis sou teren an ki te rele m 'epi ki di, "Frè Branham, si w pa sispann sa, tout òganizasyon yo pral kont ou."

52 "Poukisa," M te di, "gen yon sèl ki pap la, se sila ki nan syèl la. Se sa ke map chache a. "Ou wè? Bon, M renmen moun nan chak òganizasyon. Sèten. Men, èske m te deja di nou yon bagay ke Seyè a ... nan non Seyè a, ki pat rive? Gade? Èske tout bagay te di epi te fèt byen? Eske m te janm sipliye nou pou lajan? Alòs, rete an deyò òganizasyon yo! Rete lib nan Kris la, toujou kite Sentespri a antre epi soti legliz la.

53 Bagay ki pi enpòtan an, gade tout diferans sa yo lwen w. Ti is sa yo, ak ti santiman dròl yo ke w gen pou frè w yo, ak bagay konsa, voye yo jete! Pa janm kite okenn rasin amètim antre nan nanm ou. Siw fè sa, li va aneyanti w. Dakò. Kenbe lanmou! M pa enterese konnen konbyen moun ki rayi w, renmen yo de tout fason. Si w pa kapab fè sa, ou bezwen ... ou ... ou pa ... ou pa sele, ou te deja gen yon fòs kote. An nou wè, leve kanpe, epi mete sa byen an nòd ak san Kris la. Li va netwaye w kont tout rasin amètim. Wi.

54 Bon, gade, men nap eseye ankò. Benediksyon Pannkotis la te tonbe ozanviron 1906, nan zòn sa yo. Gen yon predikatè ki icit la avèk nou aswè a, yon misyonè ki soti Tibè, youn nan pi ... M pa di sa akoz de prezans li; M espere ke I pa ale lakay li. M kwè ke I toujou isit la, li ta pral pale pou nou yon ti kras anvanm te desann laa. Epi nonm sa a raple nou premye Pannkotist yo . Pat gen okenn òganizasyon, tout moun te gen bagay yo an komen. Oo, kouman sa te fasil pou fè yon move pa la menm, epi kombyen sa te sanble bon pou entelektyèl la.

55 Gade, Izrayèl pat konn trop bagay lè yo te kanpe bò riv la, t'ap rele byen fò ... Koulye a, ou di, "Jan de reliyon sa a fèk vini." Kisa, se li ki pi ansyen. Sèten. Menm anvan ke mond lan te kreye, yo t'ap rele byen fò epi ap bay Bondye glwa. Bondye te di sa, li te mande Jòb, "Ki kote I te ye lè - lè zetwal maten yo t'ap chante ansanm, epi pitit Bondye yo t'ap rele byen fò nan lajwa." Saa se te anvan menm ke mond lan te kreye.

56 Men koulye a, gade Izrayèl, yo te wè mirak yo. Sa a se Lapannkòt byen bonè ; Izrayèl, se Lapannkòt nan tan sa a. Koulye a, yo te soti kite peyi Lejip. Bondye te beni yo. Li te ba yo tout kalite gwo siy ak mirak epi anpil mèvèy, li te delivre yo. Men, lè yo te kanpe bò riv sa a epi yo te gen yon reyinyon panntkotist ... vrèman! Koulye a, tandem. Moyiz te chante nan Lespri Bondye a, epi Miryam te pran yon tanbourin, li kouri desann bò riv la, ap bat tanbourin sa a, ap danse nan Lespri. Pitit fi Izrayèl yo te swiv li, t'ap danse nan Lespri. Si sa pat yon reyinyon pentkotist, mwen pat janm wè youn. Yo te kwè yon ti kras ke-tè pwomès la te karant lane devan yo. Li te sèlman a environ karant mil. Men, li te pran yo karant lane pou yo te fè karant mil paske yo te chwazi sak pa bon an. Yo te chwazi gen lalwa olye pou yo kite Sentespri a mennen yo, kolòn dife a akonpaye yo epi gide yo. Yo te vle gen yon bagay pou yo fè yomenm; yo te vle gen yon kalite prêt, ak yon kalite diyitè, epi yon ti teyoloji pou yo te ka fè diskisyon, olye pou yo jis kontinye epi kite Sentespri a mennen yo. Yo te nan Lespri; Bondye te founi tout bagay, men yo te vle gen yon bagay pou yo fè ladann.

57 Jis tankou ibride ankò. Kite bèf la trankil. Kite chwal la trankil. Kite manje a trankil. Yo ... Lasyans deklare, nan Reader's Digest, nan atik saa yo te di, si yo kontinye ap fè manje ibrid, pou moun manje ... Tankou poul, yo rive jis nan pwen ke pòv poul la pa gen okenn zèl oswa pye yo. Men, si li ponn, li tou mouri apre, yo ka sèlman viv yon lane. Epi chè yo tèlman mou se apènn si ka manjel. Epi lap pèvèti, moun kap manjel yo. Se vre.

58 Nou okouran, omoseksyèl vin ogmante a karant poustan Ozetazini, sa gen yon lane. Eske w te konnen ke lasyans deklare ke fanm yo ap vin pi laj nan zepòl yo epi etwat nan basen yo, e gason yo ap vin etwat nan zepòl yo e pi laj nan anch yo? wap manje yon semans ki pèvèti , wap manje bagay ki pèvèti. Kò ou te fèt pou nour de bagay natirèl. Ebyen kisa lap fè? Li chanje menm evolisyon natirèl nan gason ak fanm, jouk Hollywood, menm gouvènman nou

an, e tout bagay pèvèti konplètman. Kisa lap fè? Yo mennen I sou yo ak pwòp ab konesans yo, ap touye tèt yo.

59 Retounen o kòmansman! Kite lanati trankil. Kite Bondye trankil. Kenbe Legliz nan Sentespri a; e elwaye nou de tout evèk ak pap avèk tout jan de doktrin. Retounen kote nou te kòmanse a. Retounen. Jezi ka vini aswè a, ou va di: "Mwen se Metodis."

Li va reponn: "Sa pat konsa o kòmansman!"

"Mwen se Prezbiteryen."

"Sa pat konsa o kòmansman!" Kisa k te genyen o kòmansman? Yon Ekperyans Pannkotis avèk batèm Sentespri a. Se fason sa Sa te kòmanse.

60 Men, ou wè, nou te oblige pèvèti I. O, sa rann li pi bèl. Sèten. Ti legliz sa ki tabli toutotou la ap danse, ap rele fò; pou desann nan lari a, moun ap voye wòch sou yo, ap moke yo, ak tout bagay konsa. Sa pat trè bèl. "Men kounye a nou gen gwo Doksohoji a, ak Kredo Apot yo, e o, Doktè Ph D, LL de fwa LD, Entèl-entèl kòm pastè nou." Ap soti pou di: "Aaa--mèn," tankou yon bèf ki gen krang, ap ale konsa, tout jan de bagay sa yo.

61 Eksize m, se pa sa mwen--mwen te vle di. Padonnen m, se pa konsa m te vle di sa. Ou wè? Se pa sa m vle di. Sa pa dwe vini de yon sèvitè Bondye.

62 Men, gade, yo tout, mwen...sa jis vini m a lide, ou wè. Men kanpe pou tout different bagay sa yo konsa, pratike davans...ou konnen, pou di: "Bon, non, ou pa repete I kòrèkteman. 'Aaa-mèn.'" M renmen yon bon reyinyon Pannkotis kote pwisans Bondye ap tonbe, e ou jis ap rele fò, ap pouse kri e ap louwe Bondye, ap rejwi w. Sa se fason an; Lespri sezi moun yo. Men nou...Se apèn si w ka tandé yon "Amèn!" ankò, se "Aaa-mèn." Poutan, se la nou rive, ou wè. Ôganizasyon rijid, ògeye sa yo...

63 Bon èske apo- yo...Èske te gen yon pwofesi konsènan sa? Nou sonje pwofesi Pòl la yè swa? "Mwen konnen apre m fin ale, lou san pitye va antre pamí nou, epi dè zòm nan pwòp sen nou, yo...drèt nan pwòp legliz la (Legliz Katolik Women sa yo, ki t ap vini) va leve pamí nou e yo va atire disip dèyè yo." E lou Pòl yo, nou wè, yo te vin Nikolayit yo.

64 Tande Lespri k ap pale atravè pwofèt la ankò, "Nan dènye jou yo, va gen dè moman difisil, paske lèzòm va renmen pwòp tèt yo, ('M se Doktè Entèl-entèl, pi ga w di m anyen sou Sa, kounye a. M vle fè w konprann m se yon Prezbiteryen. Alelouya!' Oswa, 'm se yon Pannkotis.')". Ki diferans sa fè, ou wè. Wi, mesye. "Mwen fè pati de Asanble." "Mwen fè pati

de Legliz de Dye.” Ebyen sa...Ki diferans sa fè pou Bondye? Ou dwe fè pati de Wayòm anwo a, ou wè. Se jis.

65 Bon, si-si w wè, ...tout bagay sa yo se jis yon pakèt rasanbleman kè--kè kontan. Bon, Sa te di: “Yo va gen tèt di, tèt anfle, renmen plezi plis ke Bondye.” O, yo paka al legliz le dimanch swa toutotan gen kèk pwogram televizyon k ap pase. O, lala! Yo toujou... legliz menm gen match boul, ak soupe, ak jwèt krikèt, e, “renmen plezi plis ke Bondye, san pawòl, fo akizatè, enkontinan, epi ap meprize moun de byen.” Sila yo k ap meprize sa yo, ou wè. Sila yo k ap meprize sa yo, fèmen bouch yo. Ap meprize moun de byen.

66 O, ou di: “Yo se kominis, frè.” O, non, non.

67 “Tèt di, tèt anfle, renmen plezi plis ke Bondye, san pawòl, fo akizatè, enkontinan, ap meprize moun de byen, avèk yon fòm...” Eksperyans denominasyon, ou wè. “Ap gen yon fòm pyete, men ap renye Pwisans li.”

68 Kisa w va ye nan jou sa? Ou wè, “Ou va gen yon fòm pyete,” Al legliz jis vin pye toutotan I kapab, le dimanch, epi ap pote chòt le dimanch apremidi, ap koupe zèb, pou soti modèl Oertèl 92 la. E pastè a ki soti pou al fimen yon sigarèt epi retounen, ou konnen. “Ap gen yon fòm pyete!”

69 “Ebyen, pastè, yo gen yon legliz anwo la, yo di m ke yon dam te geri lòt jou de yon kan...”

“Hmm. Hmm. Tenten! Jou mirak yo pase.”

70 Ebyen, ou konn on bagay? Mwen--mwen--mwen te leve al nan yon ti legliz nwit pase a, ti misyon sa anba lan kwen an, e te gen yon moun ki te leve la, ap pale on bagay, ap ja-...

“O, cheri, piga w janm ret ap trennen konsa. Sa se chyen fou. O lala! Piga rete ap trentan bò kot sa. Sa se dè fanatik. Pa janm...”

71 “Y ap gen yon fòm pyete epi y ap renye pwisans lan, elwaye nou de jan de moun sa yo. Paske se jan de moun sa yo k ap mache de kay an kay pou sedwi fanm ak espri fèb pou ap fè yo elwaye yo pa tout sòt de konvwatiz, pa janm kapab aprann oswa pa janm rive gen konesans Laverite.” Se egzakteman vre. Men ni, sosyete èd pou dam, sosyete *sila a, sa*. Pòv legliz la gen si tèlman anpil sosyete ke li paka menm preche Levanjil ankò. Pastè a paka gen plis ke ven minit, e li oblige pale de lòt bagay. Ou wè? Sinon, komite dyak yo va rankontre I. Wi, mesye.

72 O, frè, kisa yon bon pastè dwe fè jodi a? Jis fè mye I kapab pou kanpe epi koupe branch yo vle koupe yo, e kite ti moso yo tonbe kote yo vle; epi lanse I. Se tou. Wi, mesye. Se vre.

Pa--pa epaye pèsonn, jis preche Pawòl la e rete drèt avè L, jis frape dirèk. Si yo mete w nan prizon, preche Sa nan prizon an. Si yo mete w nenpòt lòt kote, preche tout kote w ale; jis kontinye, ap preche. Se vre. Bon, se sa k te rive. Ou wè. y ap eseye toufe l.

73 Kounye a nou rive nan--nan Laj Esmin lan. Vèsè 8 la:

...A anj legliz *Esmin lan ekri*; *Bagay sa yo se sila ki premye ak dènye a ki di yo, sila ki te mouri a, e ki vivan;*

74 Mwen vle w remake ke chak fwa Li entwodwi pwòp tèt Li a yon aj legliz, Li souliye yon bagay sou Divinite L. Se premye bagay Li eseye revele bay legliz, se, se Divinite Li. Li se Bondye! Ou wè gwo batay la la ke Irene avè yo t ap mennen an? Yo te eseye prezante Bondye a nan twa inivè, epi yon Bondye an twa pèsòn, epi Bondye nan sesi. Li te di: "Bagay konsa pa egziste! Se tit yon sèl Èt, ki se Bondye Toupwisan." Se vre. Kifè ou pa...yo te toujou gen sa. E Bondye la o kòmansman t ap entwodwi pwòp Tèt Li ak youn nan Divinite Li--Li yo. Ou wè L ap entwodwi pwòp Tèt Li, dabò laba, "Mwen se Sila ki te la, ki la, e ki pral vini an. E Mwen se Toupwisan an." La Li kòmanse dirèk avèk Laj Esmin lan kounye a.

75 Tande L kounye a, "Mwen..."

...A anj legliz *Esmin lan...*(E nou kwè se Irene.)...ekri; sila ki premye ak dènye a di bagay sa yo,...

Ou wè? Li te entwodwi pwòp Tèt Li, "Mwen se Bondye, kounye a, pou aj legliz sa a. Mwen pa bezwen ni kat ni senk diferant dye bò kote M la. Mwen--mwen se Bondye. Ou wè, se sa."

76 Bon, sa se entwodiksyon an--an. Bon--bon *Esmin* vle di "anmè," e li vini de mo mir--mir. E premye legliz la--la--premye legliz la, epi...te pèdi premye lanmou yo, legliz Efèz la. E legliz sa te kòmanse gen "rasin amètim" ki t ap vin nan yo paske legliz sa, legliz prensipal la, pi gwo pati a (majorite ladan yo, toujou) yo t ap frape kont Sentespri a ki t ap dirije legliz la, e yo te vle dirije, yo menm. Yo te vle tabli yon sakrifikati, yo te vle aji menm jan ak moun Ansyen Testaman yo.Yo te vle gen prêt. E yo...Si dye payen yo, laba, kote yo te konvèti, yo te gen prêt elatriye...Jipitè, ak prêt pou Venis, elatriye; yo--yo--yo vle vini ak menm bagay sa pou fè plas pou mesye sa yo. Ou wè, tout bagay la o konplè li payen pou kòmanse. Tout sistèm payen gen prêt sa yo ak jan de bagay konsa. Men--men legliz Bondye vivan an, li etranj pou

yo. Se Kris ki prêt nou, ki Souvren Sakrifikatè nou. Nou gen yon sèl Souvren Sakrifikatè, yon sèl tab tou kote nou manje.

77 Bon, legliz sa te kòmanse ap pouse “yon rasin amètim.” Poukisa? Sa te anmè pou sa yo ki te vle kontinye avèk Sentespri a. Lanmou te pati ale, e yo t ap eseye twoke l pou credo ak denominasyon, ap elwaye yo de Sentespri a. Panse a sa! Se poutèt sa amètim sa a--a-a te nan yo. Dakò.

78 Bon, premye legliz la, se...amètim te kòmanse ap fofile antre. Dezyèm legliz la, yon tikras pi plis. E, finalman, li te antre nèt paske yo t “ap monte yon pi bon legliz”; se sa yo te panse. Drèt la yo te gen yon bagay pakèt afè, gwo chabrik Women yo te ka vini. Poukisa? Yo te gen yon pap, yo te gen--yo te gen de gran zòm, kadinal, elatriye. Yo te abiye fen. Yo te elwaye yo de tout bri ak tout bagay yo te genyen; vin trè trankil. Sa montre yo t ap mouri. En-en. En-en. Yo t ap mouri. Kifè yo te vin gwo pakèt afè e yo te monte yon pi bon gwoup. Premye bagay anwo la, yo te transfòme tout bagay la vin yon gwo denominasyon eklezyastik, legliz Inivèsèl Women an, Legliz Katolik Women nan Laj Tenèb yo. Ebyen, apre sa, yo te gen gwo chabrik, ak moun ki gen klas.

79 O, sa te pi bèl ke lè yo te abiye kanpe deyò nan lari a, “pou ap mache ak po mouton e po kabrit, epi meprize, siye an moso, e--e moke yo, epi pase yo lan betiz,” e jan Pòl te di nan Ebre chapit 11 lan.

80 Enben, gwo gran legliz, byen abiye sa, ak soutan e--e tout bann bagay sa ke yo met sou yo konsa. Sèten, sa te sanble pakèt afè, “Pè, Reveran, Doktè, Pè *Entèl-entèl*.” O, lala! Yo te ka mete yon vrè “chyen,” la.

81 Men, ou wè, se te yon bagay ibrid. ibrid! Ou wè, li pa gen okenn Vi nan li. E yo paka tounen dèyè ankò, se rezon sa kifè yo pa janm reprann. Revèy Literyen an pa t janm reprann ankò. Revèy Wesle a pa t janm reprann. Revèy Nazareyen an pa t janm reprann. Revèy Pannkotis la non pli pap reprann. Poukisa? Paske nou te touye l. Nou rann li ibrid avèk lemond, avèk ide Nikolayit, poutèt nou pa kite Sentespri a fè l jan L vle l la. Se vre. Nou rann legliz ibrid, e li paka repwodwi tèt li ankò. Lè nou repwodwi, nou bay plis Metodis, ak repwodiksyon Batis, ou gen plis Batis; ak repwodiksyon Katolik, ou gen plis Katolik; ou jwenn menm bagay la lè n ap bonbade zòrey yo. Men kite m di w yon bagay; kan Sentespri a retounen, li mennen nouvèl nesans ak nouvèl Vi; konvèsyon. Batèm Lespri a; li fè Legliz retounen a limenm ankò, remete Lavi ladan l ankò.

82 Mayi ibrid pa gen vi nan li. Kèlkeswa sa vi a ye a, li jis apeprè kite al fè wout li. Kounye a, nou gen sa nan Aj Tenèb sa la, "Pe enpòt ti sa w genyen an, kenbe l fèm," Li te di. Yo te prije tout soti. Bon, men li pap repwodwi tèt li ankò. Kounye a, ...

83 Men Kò Jezikri pa--pa yon òganizasyon. Kò Jezikri se yon Kò mistik, se yon Kò...nan yon Wayòm ki se yon Wayòm espirityèl ki te etabli sou latè pa Jezikri kòm Wa Wayòm sa, Souvren Sakrifikatè k ap ofri sakrifis pou sitwayen nan Wayòm sa. Li se yon Pwofèt (Pawòl la) k ap preche Laverite e ki ap mennen Limyè Bondye a nan Wayòm sa; e Li alafwa Pwofèt, Prèt, epi Wa, nan Wayòm sa. E kijan nou antre nan Wayòm sa? Pa denominasyon? Pa yon lèt? Pa bay lanmen? Men "pa yon sèl Espri nou tout nou te batize nan yon sèl Kò" ki se Kò mistik Jezikri a, e nou te batize ladan I, pa avèk dlo, pa pa aspèsyon, pa pa vide dlo, pa pa nenpòt kijan de batèm dlo a, men "pa yon sèl Espri, Sentespri a, nou tout nou te batize nan yon sèl Kò" 1 korentyen 12. Wi, nou batize nan Kò sa pa yon sèl Espri, Sentespri a, alò nou pa fè pati de okenn bagay ke Kris. Ou se pa Kris. Se Wayòm mistik Bondye a ki tabli, ke nou antre ladan L pa batèm Sentespri a. M renmen Sa! Hmm!

Gen moun preske tout kote

Ke kè yo ap pran dife

Ak dife ki te tonbe jou Pannkot la,

Ki te netwaye ak rann yo pwòp;

O, sa ap brile kounye a anndan kè m

O, glwa pou Non Li!

Mwen si tèlman kontan m kapab di m se youn nan

yo.

M se youn nan yo, M se youn nan yo,

Mwen si tèlman kontan m kapab di m se youn nan yo, Alelouya!

Youn nan yo, M se youn nan yo,

Bon mwen kontan deske m ka di mwen se youn nan yo.

Menm si moun sa yo pat aprann pou yo vin,

(Doktè an Divinite, Doktè an Filozofi. Ou wè)...pat aprann pou vin,

Oswa ap gonfle ak prestij lemond,  
Yo tout te resevwa Pannkot pa yo,  
Batize lan Non Jezi;  
E y ap di kounye a alafwa an lon e an laj,  
Ke pwisans Li se toujou menm lan,  
Mwen si tèlman kontan ke m ka ki m se youn nan yo.

Èske w pa kontan? Wi, mesye. Jis youn nan yo. Se tou.

84 Mwen sonje on lè m t ap mache desann ap travèse Memphis, vyep ti madanm nwa sa, avèk tèt li apiye la. Li te di: "Bonjou, pastè."

Mwen te reponn: "Kijan w fè konnen mwen se yon pastè?"

Li te di: "Seyè a te di m sa, 'pastè Li ap vini nan lari a, ak yon chapo pal, yon valiz.'" Li te di: "M te konnen se te ou menm lè m te wè w ap vini." Ou wè? O, li te youn nan yo. Se jis! O, ala bon Bondye bon!

85 Kounye a mwen kwè yon bagay.../Frè Branham li yon ti nòt yo ba li--Editè a/ "Ti pitit fi ou te priye pou li a--a, dimanch swa a, ki soti Bedford, gen lè fèk mouri. Sa pakab...Souple ofri yon priyè." Yon ti pitit fi ke nou...yo te priye pou li isit la dimanch swa, li sot Bedford, "jis--jis mouri," se sa yo di. Annou priye:

86 Seyè Jezi, mwen priye ke pa nenpòt fason an, nenpòt jan an, Seyè, pèmèt priyè nou pase pou ti moun sa. Nou remèt ti bagay la lan men W, Bondye Papa nou. E nou panse a moun sa yo ki te isi a ap priye ap mande priyè pou ti pitit fi sa. O Bondye Papa, mwen mande ke--ke rapò sa pa sa, Papa; nou pa konnen, men mwen priye ke Ou va egzèse mizèrikòd Ou e bay fòs epi kite ti bagay la resisite pou l viv pou glwa Bondye. Lan Non Jezi nou mande sa. Amèn. Ke Seyè Jezi ajoute benediksyon L.

87 Kounye a, yon legliz. Bon, non on legliz asosye avèk nati karaktè l. Èske w te remake siyifikasyon "anmè" Esmin lan? E remake chak legliz yo kounye a, non yo gen rapò avèk karaktè legliz la. Mwen te ka di yon bagay la; men se mye m pa fè sa, paske n ap mal konprann mwen. Ou wè?

88 Non w tou, Ou ka pa konn sa, men se vre. O, wi. Ou di bon, "Se nimewoloji." Non, se pa sa. Lè Jakòb te fèt yo te rele I *Jakòb* ki te vle di "twonpè," men lè I te lite ak Anj Ian, Bondye te chanje non I pou Izrayèl, "yon prens." Èske se vre? Sòl se te "Sòl de Tas," yon nom mechan; men, lè I te jwenn Jezi, yo te rele I "Pòl." Non pa Simon se te "Simon"; men lè I te jwenn Jezi, yo te rele I *Pyè*, "Yon ti wòch." O, wi, mesye. li... Non w asosye a sa w ye...Li gen yon enflyans sou karaktè w.

89 E legliz sa te rele Esmin paske li t ap mouri. *Esmin* vle di "anmè." Lòt fason pou di sa, yon rasin amètim t ap vini e t ap toufe I, li te sou wout pou resevwa mir pa I. Se avèk sa yo wenn kò kadav, mir, ou wè. Se te mir, ansan, pou fè yon ongan. Yo itilize Mir pou--pou wenn kò kadav yo apre yo fin anbonmen yo, epi bagay konsa. Asosye ak lanmò, e legliz t ap mouri.

90 E, o, èske w paka wè I, jodi a, zanmi, gwo mouvman Pannkotis la ki te gen Lavi kèk ane pase, èske w pa wè ke y ap wenn li kounye a ak mir? Ou wè? Menm ongan an ki te nan legliz sa *la* te desann drèt pou wenn sila anba *la*; ap mouri paske y ap retounen nan tòchon eklezyastik, epi ap dezabiye yo ak wòb blanch yo a, se te moun sen. Ti pèp la ki te pran pozisyon la, ak yon Sentespri otantik, ki t ap pale an lang, epi manifeste Bondhye. E, frè, yo te byen onèt e, "tout an lèn lajè on yad." Yo--yo absoliman te otantik, ou te ka fè yo konfyans tout kote. Kounye a ou pa konn kisa ak ki moun pou w fè konfyans. Ou wè? Gen yon bagay ki te rive. Yon bagay te rive. Se kisa? Yo te wenn ak mir, anmè. Ap monte. Youn...

91 Kisa k te lakoz? Youn te antre te gen yon--yon legliz yo te rele, premye a, se te yon Konsèy Jeneral. Apre sa yo te rele Asanble de Dye. Apati de Asanble de Dye yo Legliz de Dye te vini. Apati de Legliz de Dye, apre sa yo te kòmanse ap gade an fas, pou di, "Nou menm Asanble yo." Lòt yo reponn: "Nou menm Legliz de Dye." Apre sa apati de sa ou vin jwenn Legliz Pannkotis Ini de Dye, baze sou yon sèl bagay. E apre, premye bagay w aprann, olye pou akespte Limyè a epi mache ladan L, enben, yo te òganize tèt yo jiskaske yo pat kapab aksepte Limyè a.

92 Bon, kan yo te vini avèk ba--batèm Ian Non "Jezikri a" olye de "Pè, Fis Sentespri" pou Asanble de Dye yo, yo te deja byen ankre yo menm kifè yo pat kapab chanje I. E yo konnen Se Laverite! M mete nenpòt ladan yo an defi pou montre ke Sa pa kòrèk dапre Bib la. Se absoliman Vre. Men kisa yo ka fè? Yo paka fè I. Ou wè, yo t ap oblige rejte credo yo a, yo pa kapab.

93 Apre sa kisa Initè yo te fè? Olye yo aksepte L e avanse, yo te vin tou rèd: "Ke Bondye ka beni pou tout tan! Nou gen Limyè a, e ou menm ou pa genyen L. Nou se ..." Kisa yo t ap fè? Yo te òganize I. Ou paka òganize Bondye. Bondye pa menm gen fòm, se sa Bib la di. Non, pa gen anyen fòmèl konsènan Bondye.

94 Bon, apre sa Asanble yo te eseye òganize L pou yo te fè...pa...de vrè Legliz la--la--la afè pa yo. Epi Initè yo te vini, yo te eseye òganize patizan pa yo, e yo "te gen plis Limyè." Kifè kisa yo te fè? Yo te detwi l pa pwòp egoysis yo, se fason pi anmè a yo te abòde l. Olye pou yo te prezante l avèk sèl ak dousè, yo te eseye koupe fratènité ak lòt yo, pa menm vle pran kontak avèk yo. E se sa ki te fè sa. Sa te kraze tout bagay, apre sa. Premye bagay ou aprann, men yon lòt ki te vini, yo te gen sesi, e kounye a yo separe. Youn di: "L ap vini sou yon cheval blan." Lòt la di: "L ap vini sou yon nyaj blan. Ke Bondye ka beni, m pral konstwi yon òganizasyon bò isit la." Ou wè kijan yo fè l? Sa simaye mir--mir. E kisa l te fè? Sa te frennen fratènité.

95 Anpil fanm, gason, aswè a, nan Asanble de Dye yo ta renmen vini pou yo batize lan Non Jezikri, paske yo konnen ke Se Verite Bondye a. Men yo t ap ekskominye yo si yo ta fè sa.

96 E anpil Initè yo...Bon, mwen pa Initè. Mwen pa kwè nan "Initè" yo fason yo kwè a. M pa kwè nan yon *Jezi* tankou yo va di l la: jis "Jezi"; gen on pakèt Jezi. Se pito Seyè *Jezikri*. Se vre. Bon, e mwen pa...Mwen kwè sa a diferan de sa yo fè. Yo batize lan Non Jezi, lan non Jezi pou rejenerasyon, on fwa "Ou batize (rejenerasyon) fè Kris antre pou w prè pou batèm dlo w." M pa kwè sa. Mwen kwè rejenerasyon vini pa San Jezikri atravè Sentespri a. Se jis. Batèm se sèlman yon ak eksteryè parapò a yon travay rejenerasyon anndan ki te fin fet. Ou wè? Kifè m pa dakò avèk sa. Se kòrèk, men yo tout se frè m.

97 Kan m te fèk kòmanse kòm yon predikatè Batis, yo te vini ap di: "Frè Branham, vini bò isit la, nou--nou--nou te sezi L e nou te simaye L bò isit la."

98 Mwen te reponn: "M pa ak youn nan nou, m kanpe jis ant de gwoup yo pou di, 'Nou se frè!'" Pe enpòt, m pa fè ka si yon nom pa dakò, sa pa fè okenn diferans pou mwen, li kan menm se frè m.

99 M gen on frè ki renmen tat ak pòm; m prefere ak seriz ki meyè, men m pa pral koupe fratènité avè l. Li ka manje tat ak pòm li a e mwen ka manje tat ak seriz mwen an. Epi m va mete krèm fwete sou tèt pa m nan, e li menm li pa vle sa, enben, li ka pran l. Ou konn sa...Kisa sa ye? Bagay fwete yo mete sou tèt li a, ou konnen, "krèm fwete." Mwen renmen sa. M kòmanse twò gran moun kounye a pou manje sa, men se yon...Men mwen--mwen--mwen--Se sa m renmen. Si l pa renmen l, li pa oblige manje l. Se kòrèk, m va manje pa m nan. Men li se frè m kan menm! Se jis.

100 Kifè mwen--mwen renmen sa, m renmen fratènité. Men kan nou mete baryè konsa pou di: "Non, sa a se denominasyon *nou*," e ou pap fè efò pou bay lanmen ak nom ki apre a epi ap di: "Ke Bondye ka beni, frè!" O lala! Sa se lè w nan fratènité. Sinon, ou gen rasin amètim

sa menm jan ak moun Esmin yo te genyen I laba a, e ou va koze menm bagay la. Dakò, kifè non yo te vle di "anmè."

101 Nikolayit yo t ap toufe yo jouk nan Aj Tenèb yo. Aj Litè a te pote premye etap gras la, yon ti Limyè te kòmanse ap briye. Apre sa te vin gen, John Wesley avèk sanktifikasyon, sa te on tijan pi klere. E apre batèm Sentespri a te vini avèk Pannkotis yo, sa te mennen fwa papa yo ankò. Men yo pat ka gade I fason sa, konsa yo te oblige òganize I, e apre sa yo te kòmanse retounen tou dwat nan Nikolayit ankò. Jis egzakteman sa Bib la te di yo ta pral fè a.

102 Bon, m oblige siveye la sinon mwen va genyen I...m te pran twòp tan. Annou al nan vèsè de a, oswa...sa dwe vèsè 8 e vèsè 9 la. Dakò, kounye a pèsekisyon an, vèsè 9 la:

*Mwen konn zèv ou yo, tribilasyon w yo,...povrete, (menm si w rich)...(O, lala!)...Mwen...(Bon L ap pale a Legliz kounye a, vrè Legliz la, pa lòt yo; yo te rayi zèv Nikolayit sa yo.)...Mwen o kouran de blasfèm sa yo ki di yo se Jwif, men ki pa sa, men ki se sinagòg Satan.*

103 Bon, yo t ap plenyen. Povrete te atenn yo. An...Yo te pran tout sa yo te genyen. Yo te bati ti legliz yo tankou sa a, e paske yo te si tèlman yon ti gwoup tou piti, yo te pouse yo pou mete yo deyò, gwo legliz la te fè sa, jis toufe yo. Epi Sa di: "Mwen konnen. Mwen konnen ke nou dwe rankontre nan kwen anba a, nan koridò, oswa nenpòt lòt kote nou kapab la." (E mwen te la nan katakonb yo kote yo te konn rankontre; antre anba tè pou rankontre, ak bagay konsa la.) "Mwen konn tribilasyon w yo, e m konn pwoblèm ou yo, ak tout lòt konsa, men ou te vin rich atravè tribilasyon sa yo." O, lala! Di m si chak fwa pèsekisyon vin pou Legliz, si sa pa fòtifye L. Sa toujou fòtifye Legliz, ak tribilasyon. "Mwen konnen tribilasyon w yo, byen ke ou rich." Poukisa? "Ou te akwoche w a Mwen menm; ou rich. Poutèt sa tribilasyon w yo pat fè w mal."

104 Bon, an...Èske w te remake? Nikolayit yo te bay tèt yo on sinagòg kounye a. Bib la di sa la. Èske w te remake sa la nan vèsè 9 la?

*Kote...ki...pa sa, men ki se sinagòg Satan.*

105 En-en, yo te pouse vrè Legliz la mete I deyò. Nikolayit yo te pran kontwòl la, e yo...yo te pouse met deyò moun ki te gen Sentespri yo, pa konsekan yo--yo pat gen okenn itilite pou yo. Si sèlman, Esmin, an Azi, te konnen ke bagay yo...ke kouwòn mati sa t ap tann yo, yo t ap ebranle. Ou wè? Bon, lòt fason pou di sa, se...kan yo te ekri pwofesi sa pou te voye I, e pou legliz te pran I, e ke yo te wè se te yo sila yo ki ta pral pote kouwòn mati a, enben, yo te kab...enben, sa ta pral fè yo pè amò. Yo ta pral atann yo a sa tout tan. Sa pat vini nan aj yo a. Petèt apre sa kèk ladan yo te di: "Ebyen, ou konnen--ou konnen, m ap di w, pwofèt sa an tò.

Jan te gen tò, li-li...paske sa pat rive nou la ki nan Esmin.” Enben, se te pou dè santèn dane pi ta. Ou wè? Men lè Bondye deklare kwakseswa, sa dwe rive.

106 Se la nou plonje fwa nou, jis la sou Pawòl Bondye a. Bondye kenbe chak pwomès. Pe enpòt...Ou ka panse sa dwe rive toutswit, men petèt se pa tan Bondye pou sa rive. “Men Pawòl Mwen pap retounen vid a Mwen menm, Li va akonpli sa yo te voye L pou li a.” Bondye va toujou onore Pawòl Li, e nan Pwòp tan favorab pa L Li va rekòlte.

107 Kifè moun sa yo se te yo menm, ki te premye legliz la, men nan legliz sa te gen karakteristik ki te gen pou vini nan legliz Esmin lan pita. Bon, apre sa yo te oblige pote kouwòn mati a, yo te touye anpil ladan yo.

108 Kounye a annou pran vèsè 10 la-la, pandan n ap li sa a:

*Pa pè okenn nan bagay sa yo (sinagòg Satan an) ke w gen pou soufri yo: men ni, le dyab pral mete...w nan prizon, pou yo ka mete w a leprèv; e ou va gen dis jou tribilasyon: rete fidèl pou lamò, e Mwen va ba w kouwòn lavi a.*

109 O, lala! Yo te di yo pou yo pa pè lè yo va rele yo pou touye yo pou reliyon yo--yo. Bon, Sè Wood, kèlkeswa kote w ye a, m espere sa a ap ede w. Sè Wood t ap di m, lòt jou, li difisil pou I konprann poukisa genyen ki te ka delivre epi gen lòt se non. Pafwa ou oblige konnen...Bondye te di moun sa yo: “Kounye a, pa pè sa, paske Satan pral mete nou la, akoz de fason Nikolayit sa a ki vini pou pouse w ladann, paske M pral kite w mouri pou kòz Mwen. Men Mwen va ba w kouwòn Lavi a jou sa.” Kifè pa...

110 Kounye a obsève, Li di...Bon, si w remake pandan n ap li vèsè 10 sa. Kite m li L ankò:

*Pa pè okenn nan bagay sa yo ke w pral soufri yo: men ni, le dyab va mete kèk lan nou nan prizon, pou yo ka mete nou a leprèv; e ou va gen dis jou tribilasyon: men rete fidèl pou...Èske w te remake ke se pat jiska? Pa jiska lamò, men “pou” lamò. Ou sezi l?...ret fidèl pou lamò,...(Ou wè? E yo te fè sa.)*

111 Kounye a Li di, Satan...Èske w te remake Kilès Li--kilès Li te endike kòm sila ki ta pral fè sa? Bon, *sinagòg Satan* sa a se te “Nikolayit” yo. Nou konn sa. Èske se pa vre? Apre se te yon òganizasyon, yon sakrifikati ki te vini pou te fè moun sa yo soufri, pou te fè moun sa yo soufri, e yo te dwe rete fidèl a Levanjil la pou lamò. Èske w te remake nan yon seremoni maryaj? se pa *jiskaske* lamò separe nou, men “pou lè lamò separe nou.” Ou wè? Bon, gen diferans ant *pou* e *jiskaske*. Kounye a, yo te dwe rete fidèl a Kris pou lamò. “Al drèt nan lamò avèk sa. Pa pè, paske Mwen va ba w yon kouwòn.”

112 Kounye a “dis jou” sa yo ke y ap pale la, dis jou yo. Yon jou nan Bib la reprezante yon lane. E dis jou yo se te “dis dènye lane” rèy D-y-o-k-l-e-t-y-e-n, Dyokletyen sa yo. Dyokletyen. Dyokletyen, se te gwo anperè ki t ap reye nan dènye...Ebyen, gen plizyè anperè ki te reye diran Aj Legliz Efèz la. E Neron, mwen kwè se te youn. E Dyokletyen sa la se te dènye ki te reye, nan dis dènye lane yo, e li te pèsekité ki te pi sanguinè pamì yo tout. Li te jis pran pozisyon avèk gwoup sa a e yo te--yo te asasinen Kretyen yo, e yo te touye yo, yo te boule yo, yo--yo te fè tout bagay, e se te dis lane pi mal ak pèsekisyon sanguinè. E tan pa l ak rèy li se te depi lane 302 jiska 312. Sa te mete fen a Laj Esmin lan, avèk zafè Konstanten an. E li te antre nan lane 312, Konstanten te fè sa. Se sa ki te dis jou tribilasyon yo. E sa te kòmanse avèk Neron epi fini avèk Dyokletyen. E sa te kòmanse avèk Neron, se te apeprè nan lane 64 A.D. lè Neron te pran twòn lan.

113 Kounye a, vèsè 11 la s on pwomè. Bon n ap gen sa a jis anvan n fini:

*Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tandé tandé sa Lespri Bondye a ap di legliz yo. Moun ki va goumen jouk yo genyen batay la p'ap soufri dezyèm lanmò a.*

114 Kounye a, m g on bagay pou m di isi a, sa se pou...Si m panse sa, nan kè m, epi m pa di l, alò m s on ipokrit. Ou wè? M vle w remake yon bagay isi a nan Lekriti sa a, e m panse se te youn nan pi gwo kase tèt pou mwen pandan sitèlman lontan jouk m te dekouvri l. Kounye a ann li sa vrèman byen, kounye a. Ou wè?

*Se pou moun ki gen zòrèy... (Nan lòt mo, “gen yon zòrèy pou tandé; ou wè, se “louvri pou Lespri a.”)...pou yo tandé tandé sa Lespri Bondye a ap di legliz yo...*

Kounye a gade, menm bagay sa, pèsekisyon sa a ak tout bagay vini. Yo reprann chak pati nan li nan chak legliz. *Legliz* yo.

*...Lespri Bondye di legliz yo. Moun ki va goumen jouk yo genyen batay la... (Nan ki legliz? Efèz la? Wè. Trè byen. Esmin? Wè, yo tout.)...Moun ki va goumen jouk yo genyen batay la nan tout legliz yo p'ap soufri dezyèm lanmò a.*

115 Sila ki nan legliz Lawodise a genyen batay la sou kisa? Genyen batay sou Nikolayit yo, genyen batay sou bagay lemonn yo, genyen batay sou denominasyon sa yo, genyen batay sou sasèdos sa yo, genyen batay sou tout bagay nan mond lan epi vann tout, epi renmen Kris. Ou pap soufri dezyèm lanmò a. Poukisa? Li gen Lavi Etènèl. Lavi Etènèl pa ka mouri. Jezi te di: “Sila ki tandé Mwen gen Lavi Etènèl, li pap janm mouri. M ap leve l vivan nan dènye jou a.”

116 Bon, bon, la a...Kounye a, nou pral...Gen anpil ki pa dakò ak sa, men m vle w panse vrèman ak tout fòs anvan w pran on desizyon. Ou wè? M pral di on bagay kounye a:

117 Se pou rezon sa a m pa kwè ke g on lanfè Etènèl. Pa ka g on lanfè Etènèl. Paske si te janm g on lanfè Etènèl, alò te toujou g on lanfè Etènèl, paske Etènèl...Gen yon sèl fòm Lavi Etènèl, e se pou sa nou tout ap redi. E si w pral boule pou tout tan epi pou Letènite, alò w ap dwe fè Lavi Etènèl boule, epi sa t ap Bondye k ap boule. Ou pa ka gen lanfè Etènèl, epi Bib la di klè ke "lanfè te kreye." E si l te kreye, li pa Etènèl. Nenpòt bagay ki Etènèl pat janm kreye; li te toujou la, li Etènèl. E Bib la di ke "Lanfè te kreye pou dyab la ak zanj li yo." Lanfè te kreye, li pa Etènèl. E m pa kwè k on moun pral pini Etènèlman.

118 M kwè ke Bib la deklare klè isi a, ke: "Sila a ki genyen batay la pap soufri dezyèm lanmò a." Bon "lanmò." Mo *lanmò* a sot nan...se sa, se "separasyon." Bon, lè n separe ak Bondye, nan peche, nou deja mouri; Bib la te di sa. Nou lwen Bondye, nou koupe, nou mouri nan peche ak move zak; nou s on etranje pou Bondye ak pou kominote L. E kidonk lè n resevwa Bondye e n gen Lavi Etènèl, nou se pitit Li ak on pati nan Li.

119 Ti pitit gason m lan, Joseph, fè pati de mwen, kèlkeswa sa m...li ta janm fè. Li...m te ka... Li te ka pa gen...Si m t on grannèg rich epi l te g on pakèt eritaj, li te ka, li menm erite nenpòt bagay; men l toujou on pitit gason, li fè pati de mwen. Sèten, li fè pati de mwen. Kounye a, m pa ka renye l plis pase m ka renye tèt mwen, paske l fè pati de mwen. Tès san an t ap montre ke l pou mwen. Ou wè?

120 E tès San an montre si w pou Bondye oswa w pa pou Bondye. Ou wè? Nou se pitit Bondye e n gen Lavi Etènèl. Men nanm ki peche a, *nam* sa a va separe. Èske se vre? Apresa l pap la ankò. Kounye a gade. Nenpòt bagay ki te g on kòmansman g on fen, paske nenpòt bagay ki te g on kòmansman s on kreyasyon. Men yo pat kreye Bondye, Li te toujou Bondye. Pa g okenn kote L te kreye. E sèl fason ke n ka janm gen Lavi Etènèl se pou n fè pati de kreyasyon sa a. Glwa! O, si n te ka wè L! Ou wè sa Sentespri a fè pou ou? Se Sentespri a, Kreyatè a pou Tèt Pa L, Bondye Papa a nan fòm yon Lespri, ki rele "Sentespri" paske L te sou kò a ki rele Jezi, Pitit Li a; ke L te kreye Jezi, kò a, se pou rezon sa a L te dwe mouri. Bondye te abite nan lachè imèn sa a, epi selil san an te louvri, epi Lavi ki sot nan selil san an te retounen.

121 Se pou rezon sa a ke ansyen adoratè a nan Ansyen Testaman an pat ka pati lwen...li t al ak menm kondanasyon an ke l te genyen lè l vini an. Men nan Nouvo Testaman an, Ebre te di, ke: "Adoratè a yon fwa yo te netwaye l, li pa gen konsyans peche ankò."

122 Kounye a, Ansyen Testaman an; yo te pot on ayo, li te lonje l atè, mete men l sou li, adoratè a; prèt koupe gòj li, li te santi senyen an, e l te tandem rèl li. Epi l te mouri, e l te santi ti kò l k ap vin rèd, epi l te mouri. Li te konnen sa ta dwe li; ayo a te pran plas li. Prèt la te pran san an, mete l sou lotèl la epi-epi lafimen an te monte, epi se t on priyè pou padon pou za...[Pati blanch sou kasèt la—Editè a.]...e lavi bêt sa a pat ka retounen sou yon imen epi pou l menm ak lespri imen an, paske se te lespri bêt. Lavi bêt ak lavi imen, pat ka fè l. Men lè yon...Se pou rezon sa a l te pati ak menm dezi pou l peche, menm bagay. Antre pou l ap komèt adiltè, epi ofri sakrifis li, epi l retounen menm bagay la nan tèt li. Se vre.

123 Men isi a lè adoratè a...O, Legliz Bondye, pa manke konprann sa! Adoratè a, yon fwa li vrèman mache al jwenn Pitit Bondye a epi pa lafwa li lonje men l sou Li (O la la!), gade la a nan figi L ak krache sa a pandye nan figi L, San an k ap koule nan figi L, santi doulè “Bondye M lan! Bondye M lan! Poukisa W lage M?” O, frè, lè w wè ki pri sa a ki te mouri pou ou a, ak Kimoun Li te ye, Emayèl, Bondye k ap mouri nan plas ou.

124 Apresa sa k rive? Adoratè a lè sa a, lè selil San sa a te louvri nan Pitit Bondye a...Kisa k te fè selil san sa a?

125 Kisa w ye? Ou s on ti selil ki soti nan papa w. Fanm lan pa gen selil san an. Femèl lan-lan sèlman pwodwi ze a; enkibatè a, li la pou l vlope kouve an-an-an. Men san an soti nan mal la, se pou rezon sa a timoun lan-lan pran non papa a. Epi apresa, men, fanm lan marye ak yon nonm, pran non l, sou kont timoun yo; li vin yon enkibatè pou pitit ke l va pote pou nonm lan. Men janm te di a: on poul ka ponn on ze, men si l pat ak zwazo mal la, li pap kale.

126 Se pou sa, m te di, se pou rezon sa n gen sitèlman anpil legliz ansyen, frèt, fòmèl jodi a. Yo antre nan lide Nikolayit sa a, yo g on pakèt nich plen ak ze pouri, epi yo pap janm kale paske yo pa...Ou te ka fè nenpòt bagay pou yo (rele yo evèk, dyak, epi kèlkeswa tout sa yo), yo pap janm kwè nan siy k ap swiv kwayan yo, paske yo pat janm ak Konpayon an, Jezikri. Si w te janm jème ak Konpayon pwisans Bondye sa a...

127 Lè selil San sa a te louvri la a sou Kalvè, epi Lavi sa a k te anndan la, Jehovah tou piti...O, sa te dwe frape!

128 Ou konnen, tout moun ap chache on siy. Se pa vre? Tout moun di: “O, montre m on siy.” Jwif la te di: “Montre m on siy.”

129 Kite m ban nou on siy. Bondye te ba w on siy yon fwa. Yo te mande on siy. Izrayèl la te mande on siy. Li te di pwofèt la: “M ap ba yo on siy k ap toujou dire: yon vyèj va ansent. Yon vyèj va ansent epi l va akouche yon Pitit Gason.” (Amèn.) “Yo va rele L *Emayèl*, ‘Bondye avè nou.’” Pi gran siy ki te janm bay.

130 Lè Bondye, Kreyatè syèl ak latè, te fè sistèm solè a. Kanpe deyò la a sou Mòn Palomar epi gade laba a nan teleskòp sa a, epi w ka wè sanven milyon ane limyè lespas. Dekoupe sa an kilomèt, epi pi lwen se toujou lalin, ak zetwal, ak mond, epi L te fè yo tout. Te jis soufle yo soti nan men L, kon sa. Wi!

131 E gran Kreyatè sa a te vin Sovè m. Desann nan on ti selil San, pa nan yon nonm, men vin vyèj nan on fanm; epi te pran ti polenn sa a ki sot nan fanm lan, epi te fòme on ti kay pou Tèt Li epi L te viv ladan I. O, sa-sa-sa ta dwe frape! Jehovah! Jehovah, nan on pil fimye nan on letab, ap kriye. Jehovah, nan on manjwa ak pay. Sa s on siy k ap toujou dire, kèk nan moun tèt anfle sa yo! Jehovah, Bondye, on Bebe k ap kriye (Alelouya!) nan on letab ki santi. Epi n panse n s on moun, drese nen nou anlè; lapli t ap tonbe, li t ap neye w; epi ale panse w s on moun. E Jehovah kouche nan on letab, sou on-on pil fimye, ap kriye tankou on ti...nenpòt ti bebe. Sa ta dwe frape! Sa s on siy. Bondye te di: "M ap ban nou on siy k ap toujou dire." Sa s on vrè siy. Jehovah, ap jwe k on ti gason. Jehovah! Jehovah, ap travay nan on atelye, ap siye bwa k on chapantye. Alelouya! O la la, la la! Jehovah, ap lave pye moun k ap fè lapèch yo. "M ap ba nou on siy."

132 "O, men nou dwe gen klèje a, ou konnen, ak rad yo ak tout kòd yo, kòl yo, ak..." Ou wè? O!

133 "M ap ba nou on siy k ap toujou dire." Jehovah, ki kanpe nan lakou yo ak krache nan figi L. Jehovah, detire toutouni, nan yon kò, nan mitan syèl ak tè. Li te rayi lawont lakwa a. Nou gen estati L la a ak yon ti ranyon k vlope L; byensi sa se jis eskiltè a ki te fè sa. Yo te dezabiye L toutouni, jennen Li! O, pakèt ipokrit sa yo lè lè sa a rive! Sa se jou lòm, jou Seyè a ap vini. Jehovah! Jehovah, ap mouri, wi, anyen pat rive. Jehovah, ap lapriyè, anyen pat rive. Hmm. Se vre. Sa ta dwe frape! Sa s on siy k ap toujou dire. Sa se siy pou tou lèzòm ta vle konnen. Apresa L te mouri, Jehovah te mouri. Apresa tè a kòmanse souke. O la la!

134 Apre sa Li te leve vivan sot nan tonm lan epi L te monte Anwo a. Jehovah, ki retounen nan fòm Sentespri a pou L viv nan Legliz Li, nan mitan pèp Li. Glwa! Jehovah, k ap mache desann nan legliz li, ap disène panse lespri a. Jehovah, k ap geri malad. Jehovah, k ap pale nan bouch jouk nomm lan pa g okenn kontwòl sou tèt li. Jehovah, ki retounen an Anglè epi ap tradwi sa. Nou vle on siy? Amèn! Jehovah sa a desann al kot on pwostitye, leve I, kote I te sitèlman-sitèlman ba jouk chen yo pap gade I, epi lave I blan kou nèj epi ba I on kè pi menm jan ak on lili. O la la! Jehovah, ap pran yon tafyatè ki lonje la a nan ale a epi mouch ap vole sou tout bouch li, epi fè I preche Levanjil la...?... San Jezikri a k ap netwaye nou!

135 Lè L te sou latè, Li t al nan vil ki pi ba k te genyen, epi L al jwenn moun ki pi ba k te genyen, epi yo ba Li non ki pi ba k te genyen. Se vre. Yo te trete L pi mal, epi yo te rele L ak non ki pi mal ke yo te ka rele: "Bèlzeboul," yon dyab. Pi ba yo te ka ba Li, lòm ki ba Li I.

136 Men Bondye te leve L vivan, epi L ba L on Twòn sitèlman wo jouk Li dwe gad anba pou L wè Syèl la. Amèn! Glwa! Epi L ba L on Non ki sou tèt tout non ki mansyone nan Syèl ak sou latè, epi tout fanmi nan Syèl ak sou latè pote non L. Se sa lòm te panse de Li; se sa Bondye te panse de Li. O Bondye, kite panse m menm jan ak Pa W yo, Papa. Wi, mesye. O presye Non!

137 Kounye a: "Sila ki kwè nan Mwen gen Lavi Etènèl." Bon, si gen yon sèl fòm Lavi Etènèl, epi w genyen I epi w ap chache I nan Jezikri, sa se Lavi Bondye. Alò lè selil San sa a te louvri sou Ptit Bondye a, epi ti Jehovah sa a ki te fenmen andedan Nonm sa a ki rele Jezi (lè tout kò Divinite an nèt te abite nan Li), e kounye a lè n asepte San sa a pou padon peche nou yo, Lespri sa a ki pat nan yon nonm, men nan Bondye... Glwa! Bib la te di: "San Bondye a."

138 Yon moun te di: "Ou sonje, Li...Pa di anyen sou Jwif yo, paske L t on Jwif." Li pat on Jwif. Li pat ni Jwif ni Moun lòt Nasyon, Li te Bondye. Se vre. Li t on San ki kreye. Bondye te fè I espesyal. Se te Pa L, e atravè San kreye sa a nou asepte L tankou padon nou paske L te mouri lanmò pou nou. Selil San sa a te louvri, te libere Sentespri sa a pou L retounen sou nou, e kounye a nou se ptit gason ak ptit fi Bondye atravè yon nesans Lespri a. Apresa Lavi k te pou Bondye a, ki pat g okenn kòmansman ni I pap janm gen fen, li pou mwen avè w pa gras Bondye nan Jezikri. Men li.

139 Kounye a, "lanfè", n ap retounen nan sa n on moman. M di nou ke-ke pa ka gen...M kwè n on lanfè k ap boule. Wi, mesye, Bib la te di sa, lak dife a. Kounye a, men sa pa ka yon touj...li pa ka Etènèl. Li te ka...Bib la pa janm di I Etènèl, Li di yon lanfè "k ap dire tout tan". Li pa di mo Etènèl la, li di yon lanfè "kap dire tout tan". Kounye a, li pare pou dyab la ak zanj li yo; yon lanfè k ap dire tout tan, pa youn ki Etènèl. Kounye a, apre...Nam sa a ka toumante la a, poutèt sa I te fè a, pandan di milyon lane, pou tout sa m konnen. M pa konn kisa *k ap dire pou tout tan* an ta ka ye nan je Bondye. Li ta ka pou senk minit, li ta ka pou yon milyon lane, li ta ka pou di milyon lane, men g on tan k ap vini kote nam sa a pral sispann egziste.

140 Men sa Bib la te di, ou wè. Ou wè:

...*Sila a ki rive genyen batay la pap soufri pa dezyèm lanmò a.*

141 Premye lanmò a ap separe de byeneme nou yo. Nou pral nan Prezans Bondye, pa janm soti nan Prezans Li. Ou wè? Kounye a, si g on dezyèm lanmò, alò I ta dwe lanmò nam lan. Epi apresa sila a ki genyen batay la sou mond lan, oswa I genyen batay la sou bagay

mond lan, li gen Lavi Etènèl e dezyèm lanmò a pap manyen l. Men li, Lavi Etènèl. Men pechè a-a...Bib la te di: "Fanm ki viv nan plezi mouri antan l vivan." Se vre? "Nanm ki peche a, li va mouri sèten." Kisa k *mouri* a? "Separe" nèt, "pa la ankò." Ou wè? Bon, li koupe, se vre. Li koupe, pa g anyen nan li ankò. Konbyen tan sa pral pran pou pran sa a? Lap pase nan menm pakou l te rive a, epi l pral n on plas jouk pap gen ni menm anyen k rete ladan l. Lap annik retounen nan sa l te fèt avè l la.

142 Nou te ka pran selil la, epi louvri selil la nan on sèl selil, nan on lòt selil, jouk ou ta rive nan premye selil la; antre andedan selil sa a, lè sa a ou gen chimi san an; ou antre nan diferan chimi ki nan san an, epi w desann n on ti pati nan selil sa a: sa se lavi. Yo pa ka jwenn sa a. Yo pa konn anyen sou li. Bon, lavi sa a ap rive n on pwen alafen jouk li pa la ankò; kèlkeswa sa chimi lavi sa ye, m pa kwè l gen okenn chimi. Li t ap espirityèl.

143 Epi, nan sa a, alafen l ap separe nèt epi l pap la ankò. Se sa Bib la te di: "Nanm ki peche a, li va mouri." "E sila yo ki genyen batay la nan laj legliz sa yo isi a pap soufri pa *dezyèm* lanmò a." Kò a mouri an premye, nanm lan mouri apre epi l pap la ankò. Ou wè? Sa se...èske n kwè ke se Bib la ki di sa?

144 Bon sonje, si lanfè a Etènèl, alò Bib la nan lerè lè l di: "lanfè a te kreye." Epi si yon nonm pral boule pou Letènite, nan lanfè, alò l ta dwe gen Lavi Etènèl pou l konsyan, pou l boule. Èske se vre? Ebyen, konbyen fòm Lavi Etènèl ki genyen? Yon sèl. Se vre. Jis yon sèl Lavi Etènèl.

145 Kounye a, pa ale pou di: "Frè Brahmham pa kwè nan lanfè." Frè Branham kwè nan lanfè. Bib la anseye ke g on lanfè. Se sèten, jis menm jan g on-on plas pou repo, g on plas pou-pou pinisyon. E Bondye pral pini sèten yon nanm ki peche kont Li. E poutèt ou rejte Jezirki kòm Sovè w, yo pral pini w sèten pou sa. Men pral g on tan kote w pap la ankò. Men konbyen milyon lane sa pral pran w pou retounen nan sa, m pa konnen. Men yon lè...

146 Ou s on kreyati di tan jouk ou ne de nouvo, apresa ou s on èt Etènèl. E sèl fason w ka genyen L se pou w g on pati Bondye nan ou, ki se Lavi Etènèl. Èske w ka wè l? Sètènman.

Sila *ki* gen yon zòrèy, kite l *tande* sa *Lespri a di legliz yo*;...

147 M renmen L. Ou pa renmen L? M sitèlman kontan pou m gen Lavi Etènèl. Sa pa nwi m ankò, paske nou gen Lavi Etènèl kounye a. E m konn sa, e m konfyan ke tout moun pral genyen L, nou tout.

148 Irene, wi, m g on nòt la a sou Irene, sou, "li istwa sa a." Rezon ki fè Irene te chwazi se paske l te gen siy Legliz Pannkotis (orijinal) k ap swiv li.

149 Bon, si Bondye...Konbyen moun ki kwè ke Legliz la kòmanse nan Pannkot? Trè byen. Konbyen moun ki kwè ke Bondye te soutni Legliz la nan Pannkot? Trè byen, mesye. Alò si sa se te premye Legliz Bondye, e se sa L te rele yon "Legliz," e L se Pye Rezen an kounye a, nou se branch yo, si Pye Rezen an janm pouse yon lòt branch, kisa l pral ye? Pannkotis. Wi! Kounye a, petèt pa pa non. Bon nou gen *non* Pannkot yo, men sa pa plis pase Metodis, Batis, Presbiteryen, Pannkotis. Sa pa vle di yon bagay, ou wè, se jis on non. Men toutotan nou g on Eksperyans Pannkotis nan kè nou, Pannkot nan namn nou, k ap ban nou Lavi Etènèl, alò Bondye te pwomèt nou sa: "Nou pap janm frape ak dezyèm lanmò a," ke, nou gen Lavi Etènèl epi n *pa ka* frape ak dezyèm lanmò a. Ou wè? Nou gen...nou se...

150 "Pa fè Sentespri Bondye a chagren/lapenn." Bon, pa fè L lapenn (fè bagay ki pa bon). Si w fè I, w ap peye pou sa; paske Bib la te di: "Pa fè Sentespri Bondye a lapenn paske L se mak letanp sou nou jouk nan jou delivrans nou." Èske se vre? "Pa fè Sentespri a lapenn."

151 O! Sa pral yon jou mèveye, yon maten, youn nan moman sa yo. Pou montre nou ke rezirèksyon an pral inivèsèl: "Pral gen de n on chan, e M ap pran youn; epi de nan kanbann, e M ap pran youn." Ou wè, sa pral yon nwit on kote, epi lajounen sou lòt bò latè a; pral on rezirèksyon inivèsèl, Anlèvman sa a. Twonpèt Bondye a va sonnen, epi chak nan sila yo, ki sot nan ti legliz sa a *isi a, isi a, isi a*, epi menm ti gwoup sa a ki te pase *la a*, epi sot *isi a, isi a, isi a*.

152 Lè vyèj sa a, vyèj sa a lè I te wè nan setyèm lè a ke...Kounye a, sonje, te gen sèt vyèj. Èske se vre? Oswa, m vle di, senk vyèj ki te soti...Dis vyèj te soti al rankontre Seyè a, senk te saj epi senk te fòl. Èske se vre? Epi bon, nan mont yo la a, te gen sèt lè. E nan fen setyèm lè a (kèk te dòmi nan lè sa a, *sila a, sila a, sila a*, epi *sa a, ...*), setyèm lè a, te g on vwa k te pati: "Men, Lemarye ap vini, al rankontre Li." Epi yo te leve epi yo te ranje lanp yo. Epi tout lòt sa yo te leve desann bò *isi a*. O, èske sa pap on moman mèveye!

O, nou te abitye chante on ti chan:

S on moman mèveye pou ou,

Al on moman mèveye pou mwen;

Si nou tout pare pou kontre Jezi Wa nou,

Al on moman mèveye sa pral ye.

Men, ann wè si n ka chante sa:

Yon moman mèveye pou ou,

Yon moman mèveye pou mwen;  
Si nou tout pare pou n kontre Jezi Wa nou,  
Al on moman mèveye sa pral ye. (Èske sa pap mèveye?)

O, èske sa pap mèveye la a,  
Pou pa g okenn chay pou pote?  
Chante ak lajwa ak tout klòch nan kè k ap sonnen,  
O, èske sa pap mèveye la a?

153 Konbyen nan nou k konnen nap rantre lakay? Konbyen nan nou k konnen nap soti pa pòt sa a? Nou pa konnen. Konbyen nan nou k konnen si nou soti, nap retounen ankò? Ou pa ka di. Alò pa kite sware sa a pase; pa rejte Bondye aswè a, paske se ka dènye sware kote w gon moman ou on chans. Kiyès ou ye, de tout fason? Kibò w soti? Kibò w prale? Sèl liv nan mond lan ki ka di w kisa l ye, se vye Bib sa a ki beni la a. E se nan Bib sa a nou kwè, se Bondye sa a ke nou kwè.

154 E si w pa fè pati de Epouz sa a, nan ti gwoup minorite sa a, la a jodia kote w gon presyon de kwayans e de denominasyon, e ensidswit, si-si-si w pa nan ti gwoup sa a... Alèkile, ou pa oblige rejwenn tabènak sa a, ou pa oblige rejwenn anyen, ou jis dwe ne nan Wayòm sa a. Kounye a, si w vle kominye ak Metodis yo, Batis yo, Presbiteryen yo, kèlkeswa kote w vle, sa depann de ou. Ou wè, ou kominye a kiyès ou vle. Men map di w on bagay: lè ou ne de nouvo, ou konnen, "zwazo on plim..." Oh la la!

155 On moun mande m on lè, li di: " Frè Branham, ou di moun sa yo, ' Tounen nan legliz Metodis.'"

M di: " Wi. Kite yo mete yo deyò, e yo pa gen kote pou yale." Lè sa na wè...

Se byen, tounen, li pap pran tan, nou wè. Li pap pran tan, yap tounen ankò.

156 Nou konnen, on lè nan lach la... Noe... kote ki te an sekirite a, Noe, te gon gwo delij ki te vini. Se konsa Noe te fè kònèy la soti de lach la, e l te jis kontinye ap pouse kri epi ap gade toutotou. Eben, li te satisfè, paske l te on votour depi kòmansman an. Li te ka vole al sou

on vye kadav ki mouri, e ranpli vant li de milèt sa a, e apre ale lòt bò a sou- sou vye mouton sa a pou ranpli vant li, ak lòt bagay, kote k te gen tout kalite vye kadav ki mouri ki tap trennen.

157 Alò kònèy la pral jis chita lòt bò a, ap pouse kri: " Oh la la, map jibile poukont mwen!" jis ap pouse kri.

158 Men lè yo lage ti kolònba lan, li te on nati diferan. Vye odè sa a, li " pat ka sipòte I. Hmm!" Poukisa? Kolònba lan pa gen fyèl; li se sèl zwazo ki pa gen fyèl. Li pat ka dijere I, alò sèl bagay li te ka fè, se tounen dirèkteman nan lach la e frape pòt la.

159 Ale kote w vle. Sèl bagay m mande nou fè, se jis antre nan Wayòm lan, e m konnen kibò w prale. Ou pap ka sipòte I ankò, frè, wap di: " m janbe liy separasyon an, m kite lemonn dèyè." Wi, msye. Se sa menm.

Oh, yo te rasanble nan chanm anlè a

Tout ap priye nan Non Li,

Yo te batize ak Sentespri a,

E pouvwa pou sèvis la te rive;

Kounye a sa L te fè pou yo jou sa a

Li pral fè pou ou menm bagay la

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

(pa vre?)

Youn nan yo, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di... youn nan yo,

Alelouya;

Youn nan yo, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Konbyen ki kontan pou sa aswè a? Oh, la la !

Vini, frè m, chache benediksyon sa

kap pirifye kè w anba peche,

Kap fè klòch yo kòmanse sonnen de jwa

e ap kenbe nanm ou flanbe;

Oh, lap boule andedan kè m kounye a,

Oh, glwa pou Non Li,

M tèlman kontan m ka di... youn nan yo.

M se youn nan yo, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di... youn nan yo,

Alelouya;

Youn nan yo, m se youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

160 Kounye a pandan ke nap chante pwochen vèsè a, m vle ke nou bay lanmen, jan nou fè I chack swa, tout Metodis yo, Batis yo, Presiberyen yo. Bay youn lòt lanmen, e menm fè tankou nou se zanmi ki te ka mache chiklèt youn lòt, si n te kapab. Kounye a pa fè sanblan, aji tankou zanmi, rete sosyabl pandan ke nap chante l:

M se youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo;

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

Byen ke moun sa yo pa aprann pou yo,

ou vante tèt yo ak repitasyon,

Yo tout resevwa Lapannkòt yo,

Batize nan Non Jezi;

E yap di kounye a, Iwenn tout kote,

Pouvwa Li toujou menm lan,

M tèlman kontan m ka di

Kounye a announ chante I tout bon:

Oh, youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di... youn nan yo,

Alelouya;

Youn nan yo, youn nan yo,

M tèlman kontan m ka di m se youn nan yo.

161 Èske ou ta pare pou vin on mati pou Li avèk Esminyen yo? Si sa rive on pwen kote ou ta dwe fè fas a lanmò oubyen pou fè bak, èske ou tap fè fas a li? Wi, msye. O Bondye, sa tap on plezi. Wi, msye. Se konsa m vle ale, dirèkteman nan chè a. Se vre. M panse ke m te genyen I, yo ta pral resevwa I an Almay isit la sa pa fè lontan. Oh, yo ta pral tire m atravè on vizeur, te gen solda alman ki tap kouri tout otou mwen, yo te kanpe konsa. M panse: " A la bèle bagay pou m ta mouri pou Seyè mwen isit la sou teren an." Oh, la la! A la-a la on bèle bagay.

162 Eben, kite m chante nou on ti chante. Èske m kapab? Èske nou gen - èske nou gen tan pou on tou piti? Dakò. M pa ka chante I, m pale I. Oh, m te toujou vle chante. E on jou konsa, lè ou pral rantre nan gwo bèle kay ou anlè a nan Paradi, nan fen fon bwa yo lòt bò a, kote Russel Creech avè m ap ye pou lachas sa a, nou konnen. Nan fen fon bwa a, gon ti kabin lòt bò a ke Frè Nevil konn chante, Konstwi M on Kabin nan Kwen an, ( m te panse ke I tap pale de kay mwen)... nan Gloryland. Youn nan maten sa yo, lè ou pral soti sou gran galri w lòt bò a, e wap gade toutotou konsa, anba la a nan kwen an wap tande on moun kap chante:

Gras etonan, jan son an dou,

Ki sove on malere tankou m!

163 Ou di: "Eben, Bondye beni, vye Frè Branham rive. Men li, m tande I ki kanpe la a kounye a, kap chante *Gras Etonan*."

164 Sa ap on gras etonan kap mennen m la a. Se vre.

Men san ap koule, wi, ( Se poutèt sa

Map preche sa a.) San ap koule,

Levanjil Sentespri sa ap koule ak san,

San disip yo ki mouri pou Verite a,

Levanjil Sentespri sa a ap kontinye koule san.

Premye ki mouri pou plan Sentespri sa a,

Se te Jan Batis, men l mouri tankou on òm;

Apresa Seyè Jezi a vini, yo krisifye Li,

Li anseye ke Lespri a ta pral sove lèzòm de

peche.

Te gen Pyè ak Pòl, epi Jan diven an,

Yo abandone vi yo pou Evanjil sa ka klere;

Yo mele san yo, tankou ansyen pwofèt yo,

Konsa vre Pawòl Bondye a ka pale onètman.

Nam yo anba lotèl, (Mati sa yo)

ap kriye: " Pou konbyen tan?"

Pou Seyè a pini sa yo ki te fè

mal; ( Tande! Vit!)

Men pral gen lòt ki pral bay

san lavi yo

Pou Levanjil Sentespri sa a ak inondasyon

wouj Li a.

San ap koule, wi, san ap koule,

Levanjil Sentespri sa ap koule ak san,

San disip yo ki mouri pou Verite a,

Levanjil Sentespri sa a ap kontinye koule san.

[ On sè ap pale nan on lòt lang, on frè bay entèpretasyon an. On frè ap pale nan on lòt lang, on sè ap pale nan on lòt lang. On pati vid sou bann lan. On frè ap bay on entèpretasyon-  
Ed.] Glwa. Amen. Amen. Hmm. Hmm. Glwa. Amen. Wi.

166 Amen. "Moun ki gen zorèy, ke I tande sa Lespri a ap di bay legliz yo."

Mwen renmen Li...

Adore kounye a, wè sa Lap fè. Si w pat janm renmen L anvan, èske w ta vle renmen  
L kounye a? Èske w vle kanpe e rekonèt Li, pran L kòm sove w?

...mwen, ( ke Bondye beni w, frè.)

e ach-...

On lòt moun pral leve, di: "Mwen vle Li, kounye a, m vle renmen Li" ?

...-vrans

Sou Kalvè a...

Ke Bondye beni w, sè. Ke Bondye beni w dèyè a, jèn dam.

Mwen renmen Li...

Moun ki gen zorèy, ke I tande sa Lespri a ap di bay legliz yo.

... Li renmen m an premye

E achte delivrans mwen

Sou bwa Kalvè a.

167 Papa nou ki nan Syèl la, Ou wè twa sa yo ki kanpe la a, O Bondye, m priye pou W gen mizerikòd, O Etènèl, e pou W bay yo padon pou tout peche yo, epi delivrans, Sentespri a nan vi yo, ke yo pap touche pa dezyèm lanmò a. Yo reyalize, Seyè, aswè a, alò ke yo kanpe la a, ke-ke gon bagay ki tou pre men yo. Sentespri a bay avètisman. Pou wè Lespri Bondye a kap tonbe sou moun yo, gade kijan L mache selon Ekriti yo, jis twa mesaj yo e fini. O Bondye, on mesaj pou chak moun.

168 Kounye a, Papa, nou priye pou W gen mizerikòd. Kite presye Lespri sa a rete nan mitan nou. Se pou nou venere L, Bondye; akòde I. Pran nanm sa yo sou kònt Ou, Papa, yo se fwi Mesaj aswè a, e de mesaj Sentespri a ki te pwononse nan mitan nou. E nou mande, Papa Bondye, ke Wap avè yo chak jou nan vi yo. E se pou "nan mond ki pa gen fen an", se

pou nou rankontre yo ladann, sove pa San an ak gras Kris la. Nou ba Ou yo kounye a, Papa, ranpli yo ak Sentespri W. Paske nou mande I nan Non Jezi. Amen.

169 Ke Bondye beni nou, frè m yo. Nenpòt ki moun ki pre moun sa yo ki te kanpe, Kretyen yo, bay yo lanmen lè yo pral chita, bay yo... swete yo vitès Bondye a.

170 Wè kijan Sentespri a obeyisan, kijan Li fè I a la fen? Nou wè? Bib la di: "Ke sa... sa yo kap pale an lang pa de, ou pa... maksimòm twa," nou wè. Mesaj la pa pandan map pale, apre ke L te fini nèt. Se konsa I sipoze ye, tout moun kap tande sa Lespri ap di, avèk anpil respè. Apresa kisa k pase? Pechè yo leve pou yo repanti. Oh, panse. Sentespri a Li menm, li pa sezi I... menm atravè Pawòl la, Li vini e L manifeste L.

171 M konnen kèk nan moun sa yo ki pale an lang, m konn tou lè twa k pale; e mwen-m konn sa yo ki bay entèpretasyon yo; m konnen vi yo san peche devan Bondye. Frè Nevil isit la, pastè nou, on pastè Metodis; son pastè Metodis, ki chita la a, ki resevwa Sentespri a. Junie, isi a, Frè Jackson, on lòt predikatè Metodis, ki resevwa Sentespri a. Se vre, avèk don pale an lang e entèpretasyon.

172 E nou remake kijan nou gen legliz nou, tout moun gen respè; Bondye ap pale. Nou wè kijan L pale egzakteman selon Bib la; youn; mesaj la pa pase kòrèkteman, Li repeste I, men Li pap pale plis ke twa fwa; nou wè, selon Ekriti yo la a. Nou wè, Lap bay mesaj sa a; Li pa janm mele I, "paske lespri pwofèt yo soumi a pwofèt la." Tout bagay ap tande an silans...

173 Kounye a se konsa legliz la ta sipoze an òd. Kounye a nou menm ki vin de deyò, nou tande m kap pale, se konsa pou I ta ye. Nou wè, mesaj la soti. Nou wè rezulta yo? Li vin jis apre. On bagay rive, menm jan ak disènman ou nenpòt lòt espri. Èske L pa ekstraòdinè? Oh, m tèlman kontan konnen ke menm bagay sa a ki te òdone pa Sen Pò, jis isi a, pa mouri la a. Toujou menm bagay la. Oh, m tèlman kontan m ka di m se youn nan yo. Pa vre? Dakò.

174 Kounye a, demen swa a sèt è, nap pran laj Laodise, e laj *maryaj* la. M vle nou vini sou nou kapab. M te jis on ti kal an reta aswè a, petèt paske Sentespri a tap pale e ensidswit. Men li bonè toujou, li nèf è ven sèlman. E dabitud m isit la a dis ou onz è, alò I vrèman bonè isi a. Alò èske nou apresye mesaj yo-yo-de Seyè a? Èske nou vrèman? Sa nouri nanm nou.

175 Ke Bondye beni nou, pitit mwen yo. Nou konnen, ke m renmen nou ak tout kè mwen. E gen delè lè Lespri a pran m, li koupe tou de... Se konsa Pawòl la ye, Li file tankon epe de bò. Li koupe ale, vini, anndan, deyò, tout jan. Men se sa ki sikonsi nou. Sikonsizon an annik koupe chè a ki an sipli, bagay ke nou pa ta dwe genyen.

176 Kounye a, m vle ke nou remake. Èske nou tande Espri a sou entèpretasyon aswè a? “ Sispenn foli sa a!” Sa a sikonsi. Fò nou sensè! Nou tout soti de liy lan, men Bondye konn kijan pou kale bòs nou yo. Pa vre? Li fè l se sèten. M rekonesan pou sa. Pa vre?

177 Èske w se ti pyanis la a? M pa wè... èske Teddy...? M pa wè l pyès kote isi a. Èske-èske se ...? Ok, sè, si w ka. Èske se ptit fi w, Frè Daulton? Bèlfi. Ok. Trè bèl ti dam, m tèlman kontan ke w son Kretyen. Ok, kisa k bon, ansyen chan nou de la fen? Ann eseye youn, jis anvan nou fè sa, kounye a. Jis on minit, sè, anvan nou chante *Pran Non Jezi Avèk Ou*

178 Konbyen ki konnen *Pa Bliye Priyè Fanmi An?* Konbyen ki priye nan fanmi w, lapriyè fanmi w? Oh, se byen. Ann eseye l on fwa, menm jan nan ansyen tan an kounye a:

Pa bliye lapriyè fanmi an,  
Jezi vle rankontre ou la;  
Li pral pran tout swen ou,  
Oh, pa bliye lapriyè fanmi an.

Nou renmen sa? Ann eseye l ankò:

Pa bliye lapriyè fanmi an,  
Jezi vle rankontre ou la; (Ou gon randevou,  
kounye a.)  
Li pral pran tout swen ou,  
Oh, pa bliye lapriyè fanmi an.

179 [ On sè di: “ Frè Branham, èske m ka di on bagay?”-Ed.] Men wi, sè. [ Sè a kòmanse pale. On pati vid sou bann lan.] Sè Nash, se trè byen. Oh, si sèlman ou:

Si nou gen konfyans e pa janm doute, Lap fè nou  
soti sètènman;  
Jis pote fado w bay Seyè a e kite  
yo la.  
Kite yo la, kite yo la,

Pote fado w bay Seyè a e kite

yo la;

Si nou gen konfyans e pa janm doute, Lap fè nou

soti sètènman;

Pote fado w bay Seyè a e kite

yo la.

180 Èske nou pa renmen ansyen kantik sa yo? Oh, mjis... m kwè ke moun sa yo pran plim lan e yo te enspire pa Sentespri a pou li sa.

181 Tankou avèg la Fanny Crosby, lè moun ki te nan mond lan lè sa a, te eseye fè l ekri chante pou mond lan, yo di: "Eben, wap on fanm rich."

Li di: "M konsakre vi m a Kris, ak tout talan mwen."

Li te avèg, nou konnen. Li di: "Mwen-m dwe vi m ak tout bagay a Kris." Li di...

182 E yo te on ti jan fache kont li paske l te refize on opòtinite konsa. Li pat vann dwa nesans li menm jan a Mesye Presley e lòt yo k fè l, men li-li kenbe entegrite l. Alò li-li... Yo-yo kite l, yo di: "Apre, lè ou rive nan Paradi, si on kote konsa egziste," yo di: "si ou tankou ou isit la, wap avèg." Yo di: "E si w avèg," yo di: "kijan wap fè konnen L?"

Li di: "Map konnen Li. Map konnen Li."

Yo di: "Men si w avèg? men si w avèg?"

Li di: "Map santi mak klou yo." Apresa l vire

do l, li kòmanse mache, e l di:

Map konnen Li, map konnen Li,

E rachte bò kote L, map kanpe;

Map konnen Li, map konnen Li

Pa mak klou yo ki sou men Li

183 O Jezi mwen, ak senk blesi presye sa yo kap senyen pou mwen lòt bò a, kijan m ta ka janm nye Moun presye sa a? Kite m mouri, kite m ale... kite m swiv chemen an kèlkeswa sa l ye, men pa janm kite m nye presye Moun sa a ki senyen e ki mouri pou mwen. Wi.

184 E pandan nap kite aswè a, nou vle: *Pran Non Jezi Avèk Ou*. Ok, sè. Èske nou ka leve kounye a, tout ansanm.

... Non Jezi Avèk Ou,  
Pitit chagren ak mizè;  
Lap ba ou jwa ak konfò,  
Pran Li tout kote w prale.  
  
Presye Non (Presye Non), Oh ala  
dous! (Oh ala dous)  
  
Espwa latè e jwa Syèl la;  
Presye Non (Presye Non), Oh ala  
dous!  
  
Espwa latè e jwa Syèl la.  
  
Kounye a pandan ke nou koube tèt nou, e nap chante dousman:  
  
Map koube nan Non Jezi,  
Map tonbe atè nan pye Li,  
Wa dè wa nap kouwone L nan Syèl al  
Lè vwayaj nou an fini.  
  
Presye Non, Oh ala dous!  
Espwa latè e jwa Syèl la;  
Presye Non, Oh ala dous! (ala dous!)  
Espwa latè e jwa Syèl la.



